TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Menak Lare
1

R. Ng. Yasadipura I

PNRI Balai Pustaka

72

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

MENAK LARE
1

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

MENAK LARE I

Oleh

R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara

SULISTIJO HS

Perpustakaan Nasional
Republik Indonesia
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1119

Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam Sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ISINIPUN

		Halaman
I.	Betaljemur Wangsul Dhateng Medhayin	15
II.	Ambyah lan Umarmaya Wiwit Katingal Kalang-kunganipun	25
III.	Ambyah lan Umarmaya Sinau Ngaos	35
IV.	Ambyah lan Umarmaya Mantuk Saking Pasantren	44
V.	Ambyah Manggih Kapal Titihanipun Nabi Iskak ingkang Nama Kalisahak	57
VI.	Ambyah Manggih. Rajabrana Tilaranipun Nabi Iskak, Adipati Mekah Ngaturi Bulubekti dhateng Nagari Yaman	71
VII.	Raden Maktal, Rajaputra Ngalabani Lalana andon Prang	84
VIII.	Raden Maktal teluk Dhateng Ambyah, Umarmaya Ngekahi Yatra Upeti	96
IX.	Umarmaya tuwin Ambyah dipun wastani hantu, Badhe dipun sirnakaken	108
X.	Sang Prabu ing Yaman Teluk Dhateng Ambyah	112
XI.	Sang Retna Umandhitahim, Rajaputri ing Yaman, Ngedegaken Sayembara	121

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

KATA PENDAHULUAN

Buku cerita Menak yang berjudul Menak Lare jilid Satu ini mengisahkan Amir Ambyah dan Umarmaya selama masih muda belia sampai berusia mulai dewasa. Kedua saudara sepupu itu selalu bersama, tak pernah berpisah satu sama lain, dan bersama-sama pula mencari serta memperoleh pengalaman sesuai dengan perwatakan masing-masing; yang seorang berwatak tenang, mantap, berani, dan yang lain sering nakal, seenaknya, sering agak berandalan, dan selalu bertumpu kepada adiknya sepupu, Amir Ambyah. Dari kecil hingga dewasa sampai berumur lanjut mereka selalu berama, saling membantu, saling menyayangi, dan sejak muda sifat-sifat keunggulan mereka seperti diramalkan oleh Patih Betal Jemur, sudah menyolok dalam perbuatan-perbuatan mereka berdua dalam mencari pengalaman hidup. Kisah dalam Menak Lare, yang berarti Sang Menak Amir Ambyah masih anak-anak, dimulai dengan kembalinya Patih Betal Jemur dari Mekah ke Negara Medayin. Patih Betal Jemur yang selama ada di Mekah memperlihatkan budi baiknya kepada Adipati Abdul Mutalib, keduanya menjadi sahabat akrab dan setia; dan Sang Patih berangkat kembali ke Medayin, setelah mendapat berita Pangeran Nusyirwan, dinobatkan sebagai raja di Negara Medayin dan Bestak dijadikan patihnya.

Bayi Amir Ambyah dan Umarmaya yang lahir hampir bersamaan di Mekah, telah meningkat usianya sekira sepuluh tahun. Pada suatu waktu, ketika keduanya sedang berjalan-jalan di luar, mereka melihat anak-anak sedang bergulat-gulatan.

Amir mendekat tetapi dipukul oleh salah seorang dari mereka itu. Yang memukul dipegang Amir, lalu dibanting di tanah dan anak itu hingga menemui ajalnya. Dan pada kesempatan lain

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mereka berdua melihat orang-orang sedang memuja berhala dengan segala makanan sebagai sesajian, makanan itu dimakan habis oleh kedua anak nakal itu. Mau dipukul oleh yang menjaga, malahan penjaga dibanting Amir Ambyah hingga mati, dan rumah berhala dibakar habis. Dan ketika pada saat lain, mereka ada di luar kota dan melihat kebun kurma yang sedang lebat, Umarmaya segera memanjat dan enak-enak makan kurma matang di atas pohon. Dimintai kurma oleh Amir, Umarmaya hanya menjawab, kalau Amir ingin makan kurma supaya naik saja sendiri.

Amir Ambyah dengan sekali pegang merobohkan pohon kurma, yang dinaiki Umarmaya, tetapi yang ada di atas masih sempat, meloncat menghindar. Yang mempunyai pohon-pohon kurma melapor dan Sang Adipati memberikan ganti rugi sepantasnya. Sekali mereka melihat prajurit sedang berlatih perang, ada seorang yang gagah berani tetapi sikapnya congkak dan menantang-nantang. Akhirnya Amir kena bujuk Umarmaya sehingga mau bertanding. Amir mau dibanting, tetapi lawannya tak kuat mengangkat, dan akhirnya prajurit itu diangkat Amir dan dibanting. Habislah riwayat prajurit yang congkak itu. Itulah beberapa contoh, entah kenakalan atau keberanian kedua anak yang masih muda belia itu.

Karena kenakalannya, Amir dan Umarmaya kemudian dikirim ke seorang pandita yang bijaksana untuk mendapat ajaran dan pelajaran seperlunya. Amir sangat rajin membaca dan belajar, namun Umarmaya kerjanya hanya makan, bahkan sering makanan teman-temannya sepesantren dimakan habis. Umarmaya memang malas mengaji, tetapi ia rajln mempelajari ilmu gaib, dan telah mahir akan ilmu itu. Di asrama pesantren, Umarmaya masih memperlihatkan kenakalan-kenakalannya. Akhirnya mereka berpikir lebih baik kembali dan ingin mengembara. Di tengah jalan selalu ada saja yang diperbuat Umarmaya. Pada suatu ketika Umarmaya mendekati sekelompok anak-anak gembala. Ia berkata bahwa mereka ditantang anak kurus di sampingnya. Anak-anak gembala mendekat, mendorong-dorong Amir, tetapi Amir diam saja, ia tak mau berkelahi. Tetapi ajakan Umarmaya merangsang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dan Amir memegang gembala yang terbesar dan dibanting; matilah anak tersebut. Orang sedesa marah, mereka berdua dikepung, namun Umarmaya memperlihatkan kesaktian daya sorotnya; siapa yang keterjang sinarnya, tewaslah dia. Sampai di desa besar mereka menuju ke tempat penjualan panah. Semua busur yang ditarik talinya oleh Amir Ambyah, menjadi patah. Yang menjual sangat heran dan berkata, ia mempunyai busur yang belum pernah dapat ditarik talinya oleh siapapun. Ketika Amir mencoba, tali busur dapat ditarik dengan baik, dan busur serta panah akhirnya dihadiahkan kepada Amir dengan kata-kata bahwa seperangkat senjata itu kata orang berasal dari Nabi Iskak. Setelah itu Amir belajar memanah kepada seorang guru sakti, hingga dengan panahnya yang ampuh, apa saja yang terkena, tak dapat ditolong lagi. Selain itu Amir Ambyah juga diajari memetak, artinya, mengeluarkan teriakan yang dahsyat hingga timbul semacam prahara yang dapat merobohkan segala sesuatu. Amir mencari kuda yang dapat dipakai sebagai kendaraannya, akan tetapi tiap kuda yang dinaiki, patah punggungnya, karena berat badan Amir Ambyah tak ada taranya. Dan pada suatu ketika Amir bahkan dapat memukul kepala gajah hingga pecah.

Dalam pengembaraan mereka, ditemui sebuah taman indah dan di dalamnya terdapat kuda dan peralatan yang masih serba lengkap. Amir Ambyah berhasil menjinakkan kuda itu, yang dapat dinaiki tanpa patah punggungnya dan ternyata kuda tersebut adalah peninggalan Nabi Iskak yang bernama Kalisahak.

Di taman itu Amir dan Umarmaya juga menemukan harta benda berlimpah-limpah serta peralatan perang yang ternyata juga peninggalan Nabi Iskak.

Pada suatu waktu Adipati Mekah menyuruh tiga orang putranya, Abdullah, Abas, dan Abuntalib untuk menghaturkan upeti bulu bakti ke Negara Yaman. Amir Ambyah, walaupun tidak diperbolehkan ikut, bersama Umarmaya, secara diam-diam mengikuti dari jauh.

Di Kerajaan Albani, putra raja yang bernama Raden Maktal, di negaranya sendiri sudah tidak ada lagi yang dapat menandingi dalam kekuatan dan keperkasaannya. Maka itu ia ingin mengem-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bara, mencari pengalaman dan mencoba keperkasaannya dengan menaklukkan negara yang dilalui. Banyak negara yang dapat ditaklukkan dan para rajanya tunduk serta mengabdi kepada Arya Maktal. Berita itu juga telah sampai di negara Yaman dan negara itu pun ingin dimasuki. Di tengah jalan Arya Maktal dengan para wadyanya bertemu dengan utusan dari Mekah ke Yaman, dan ketiga putra adipati Mekah menyerah. Mereka melarikan diri dan bertemu dengan Amir dan Umarmaya, dan terjadilah perang antara Amir beserta Umarmaya dan Arya Maktal beserta para wadya balanya. Namun akhirnya, Arya Maktal terpaksa takluk kepada kedua satria, Amir Ambyah dan Umarmaya. Dan Arya Maktal beserta wadya lalu beralih agama, masuk ke agama seperti Sang Amir Ambyah, agama Nabi Ibrahim; karenanya ia diampuni dan ingin mengabdi kepada Amir Ambyah. Atas permohonannya Arya Maktal diizinkan melanjutkan pengembaraannya menaklukkan dan merobah agama negara yang dilalui dengan janji kemudian akan menyusul Amir Ambyah ke Negara Yaman.

Amir Ambyah beserta kakak-kakaknya dan Umarmaya melanjutkan perjalanan ke Yaman, pura-pura untuk menghaturkan upeti kepada Raja Yaman, namun maksud Amir ialah untuk menaklukkan kerajaan Yaman.

Dengan tipu muslihat Umarmaya dan kesaktian serta keperkasaan Amir Ambyah, akhirnya Negara Yaman dapat ditaklukkan dan rajanya tunduk kepada Amir yang meminta agar Sang Raja bersedia beralih agama. Sang Raja bersedia dan mendapat pengampunan serta tetap menjadi raja di Negara Yaman.

Di Negara Yaman sendiri Amir Ambyah beserta para kakaknya dan Umarmaya dipestarayakan, dan Amir dianggap sebagai raja utamanya. Dari kejadian-kejadian serta pengalaman-pengalaman yang ditemui Amir dan Umarmaya dalam pengembaraan, mulai jelas terlihat betapa sakti Amir Ambyah dan betapa cerdiknya Umarmaya, dan ini akan lebih jelas lagi dalam pengembaraan selanjutnya, dalam perkelanaan mereka yang tak ada henti-hentinya dalam menaklukkan negara, mengalihkan raja dan rakyatnya ke agama Nabi Ibrahim, serta mempersatukan negara-negara taklukannya. Karena selalu berkelana, sebutan Amir Ambyah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ditambah lagi dengan julukan Kelana, jadi juga sering disebut dengan nama: Sang Agung Menak Kelana Jayengrana.
Sementara itu Raden Maktal yang sedang berkelana, banyak menaklukkan para raja, bahkan sampai di manca negara. Banyak pula raja yang tunduk secara damai dan mengabdi kepada Arya Maktal. Akhirnya Arya Maktal ingin menepati janjinya kepada Amir Ambyah untuk menyusul ke Yaman. Negara Yaman sudah mulai geger mengetahui kedatangan Arya Maktal, namun Amir Ambyah menentramkan suasana dengan mengatakan bahwa Arya Maktal itu adalah adiknya pribadi yang ingin menyusulnya ke Negara Yaman, dan Arya Maktal dengan wadyanya diterima sebagai tamu sangat terhormat di Negara Yaman.
Dikisahkan pula bahwa putri Sang Raja Yaman ingin mengadakan sayembara, siapa yang menang dalam perang tanding, dialah yang akan menjadi suami Sang Putri. Namun dalam pada itu, Sang Putri dengan licik menggunakan kecantikan tubuhnya untuk mengalahkan lawan. Amir Ambyah menjadi agak kesal, dan ketika ada seorang satria sakti yang hampir saja akan dibanting, hancur seperti yang lain-lain, Amir Ambyah meneriakkan petak-nya, hingga timbul gara-gara seperti angin taufan. Semuanya bingung, dan cepat-cepat Sang Putri dipegang Amir Ambyah, diangkat, dan dilemparkan ke atas jauh di udara. Sang Permaisuri Raja Yaman, memohon-mohon agar putrinya diampuni kecero-bohannya, dan Sang Putri jatuhnya tepat di kedua tangan Amir Ambyah Dia heran sekali dan merasa malu atas perbuatannya, bahkan sampai tidak berani memandang Amir Ambyah dan cepat-cepat lari masuk ke dalam istana.

Hingga sekian yang diceritakan dalam buku Menak Lare jilid I dan kisahnya akan dilajutkan dalam buku Menak Lare jilid kedua.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

I. BETALJEMUR WANGSUL DHATENG MEDAYIN

ASMARADANA

1. Wus lepas lampahing patih,
   wau dipati ing Mekah,
   samana mijil waspane,
   gya jajahan ingundhangan,
   kinon saos sanggrahan,
   tanapi sugatanipun,
   kondur dipati ing Mekah.

2. Wadyeng Mekah ageng alit,
   sabubare kyana patya,
   nyenyet lir mentas kapaten,
   jalu estri wong ing Mekah,
   lair batine tresna,
   maring Patih Betaljemur,
   denyambek belabaharja.

3. Kingkin ing tyas sanagari,
   dadya sato myang kukila,
   ambelani prihatine,
   kakayon tan ana obah,
   sanadyan kang maruta,
   kadya nimbangi kung wuyung,
   angin tan ana lumampah.

4. Kamisasat sanagari,
   tontonen duk meksihira,
   kyana patih sabalane,
   gumuruh sadina-dina,
   wadyalit samya segah,
   malah ta balabur sekul,
   anggung tasik papanganan.

5. Samangke nyenyet amamring,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wau ta sang adipatya,
wus prapteng praja ngadhaton,
wuwusen ingkang lumampah,
kyana patih wus prapta,
talatahireng Madayun,
caraka atur uninga,

6 Caraka prapteng nagari,
katur sang raja taruna,
yen Betaljemur praptane,
sang nata nuju sineba,
prapta nampani surat,
lajeng pinarikseng prabu,
ngandika mring Patih Bestak,

7. Heh Bestak si Bapa prapti,
saiki misih neng marga,
undhangana balaningong,
pan ingsun arsa methuka,
Patih Bestak tur sembah,
Gusti sampun tuan methuk,
Betaljemur wong punapa.

8. Duk miarsa narapati,
ing ature Patih Bestak,
Sang Nata sugai wuwuse,
si Bestak iku wong apa,
mangkono ucapira,
rama aji kang sun gugu,
wewelinge marang ingwang.

9. Kinen ngaku bapa ugi,
maring Betaljemur patya,
sasat sugeng rama katong,
amomong jeneng manira,
andheku Patih Bestak,
nulya ingudhangan sampun,
para nata pra dipatya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10. Punggawa satriya mantri,
samekta sanengganira,
sang nata jengkar ngadhaton,
ing dalu tan winursita,
enjing Sri Maharaja,
Nusirwan sigra angrasuk,
busana lajeng tumedhak.

11. Gumuruh swaraning dasih,
Sang Nata wahana liman,
tengara bedhol barise,
kumerab saking wiwara,
prapta jawining kitha,
wutahing wadya bala gung,
kadya trunaning udaya.

12. Sadaya kang para aji,
samya wahana dipangga,
langkung sae palanane,
lawan sang Sri Maharaja,
pasadon nagaraja,
talajug rinajatatur,
angken wimbaning baskara.

13. Kadya ruhara kang bumi,
oreg kambah gunging bala,
tanpa wates balabare,
wuwusen kang sampun prapta,
aneng tanah ampeyan,
Kyana Patih Betaljemur,
miarsa nata tumedhak.

14. Bala pangajenging baris,
wus panggya samya mangarsa,
Kya Patih Baiane mire,
medal sajawining marga,
sagung tunggul daludag,
bandera baris ing ngayun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

atembak kang bala kuswa.

15. Sadaya para dipati,
Mire sajawining marga,
kalawan kang bala kabeh,
Betaljemur duk tumingal,
lamun Sang Nata tedhak,
dipangganira jinerum,
Kya Patih lumakyeng dharat.

16. Sanga Prabu nyakrawati,
mulat Betaljemur tedhak,
jinerumaken limane,
asareng paran Pinaran,
lawan Sri Maharaja,
tundhuk sira Betaljemur,
mendhak sarya apranata.

17. Sang Nata -nyandhak tumuli,
datan sinung awot sekar,
samya tatabeyan bae,
kabekta minggah mring liman,
nunggil palana retna,
Patih Bestak nyandhak apus,
minangka saratinira.

18. Tengara budhal sang aji,
gumuruh bala wurahan,
lir kocaking sagara rob,
wonten kukila rong somah,
munya nginggil palana,
atebih denya tut pungkur,
kagyat Sang Sri Maharaja.

19. Kya Patih Bestak bibisik,
matur mring Prabu Nusirwan,
Gusti paduka pitaken,
artine kang peksi munya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pun bapa kadi wikan,
angandika Sanga Prabu,
lah ta Bapa jarwanana.

20. Betaljemur matur aris,
punika peksi besanan,
beluk lawan peksi dares,
beluk ingkang urun lanang,
pun dares anenedha,
tetukone desa suwung,
amung kakalih kewala.

21. Peksi beluk ananggupi,
kalamun Ki Patih Bestak,
tulus ing kapatihane,
nadyan mintaa sadasa,
desa suwung tinekan,
yen salin papatihipun,
desa siji tan tinekan.

22. Angguguk Sri Narapati,
sarwi nglirik Patih Bestak,
kalangkung ebat Sang Katong,
dene Betaljemur wikan,
artine peksi munya,
yata wau lampahipun,
Sang Nata prapteng jro pura.

23. Betaljemur wus pinanci,
saleksa tanah pijajar,
pinisepuh lulungguhe,
tinari binapa-bapa,
yen kala siniwaka,
jajar keringe Sang Prabu,
samya munggeng padmasana.

24. Ing wijoan palowani,
Betaljemur ing wurinya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang celak lawan Sang Katong,
sagung para ratu ngarsa,
lawan Ki Patih Bestak,
kuneng lamine winuwus,
Sang Nata enjing sineba.

25. Punggawa satriya mantri,
supenuh ing panangkilan,
miwah ingkang para katong,
aglar abdi ing ngamanca,
prawira ing ngayuda,
punggawa gung kawan ewu,
para mantri wolung leksa.

26. Kawan leksa wismeng jawi,
majupat kang kawan leksa,
kang kawan leksa wismeng jro,
kajawi mantri lubalang,
sadaya wolung leksa,
pra dipati kawan ewu,
kang samya manca dipraja.

27. Wau ta Sri Narapati,
wlis munggeng ing singangsana,
ing ngarsa para nata ndher,
miwah manggalaning praja,
ingkang celak sang nata,
mung Ki Arya Betaljemur,
anggathuk kang singangsana.

28. Lir sasangka kapit dening,
sirat ujwalaning nata,
Ki Betaljemur karyane,
mangka pinituwa-tuwa,
kedhep saaturira,
abipraya sesthenipun,
saliring praja dikara,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Dangu sang nata tinangkil,
wonten mantri tur uninga,
tampingan juru nganglange,
panekare ulubalang,
nggen dhusun Kabestakan
ingkang ngarubiru wau
susah ingkang tanah wangsa.

30- Padhusunan kathah sepi,
kang tumut Kya Patih Bestak,
ing Kajuron ing Pakundhen,
tilar kitri bale omah,
dening Ki Patih Bestak,
nora kena jalma luput,
anggung natrapaken dendha.

31. Linut ingkang tilar kitri,
jinarah ingungsenan,
ingkang ngungsi dipun belok,
paranteyan ting karencang,
cengkalak ting galethak,
talikungan ting prakungkung,
paseban ing Kabestakan.

32. Datan ngajeni papati,
wus katur marang Sang Nata,
yen akeh wong tinggal bale,
omah sang nata ngandika,
pangalasan turira,
si Bestak iku arusuh,
ngreh jajahan tanah wangsa.

33. Patih Bestak den dhawuhi,
denyanggung ngupaya karya,
wong jajahan inanggung geger,
tinggal kebon bale omah,
denyanggung pinidosa,
Ki Patih Bestak tumungkul,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sang Nata malih ngandika.

34. Eh sagung mantri bupati,
si Bestak iku kuthila,
akeh wong jajahan geger,
dening tingkah ingkang murka,
arda tur siya-siya,
besuk ing jajahaningsun,
tanggane wus binelokan.

35. Nora pinuju si anjing,
matihi ing jenengingwang,
dene solahe mengkono,
nora mantra rumeksaa,
rusake prajaningwang,
panujune Bestak iku,
patinggi desa kang kiwa.

36. Atungguwa desa sepi,
Karangceleng pajingklongan,
patut gone si mengkono,
Kya Patih Bestak miarsa,
dukane sri narendra,
tumungkul ngusapi eluh,
wruh lamun kadudonira.

37. Ngandika sri narapati,
arsa seseren manira,
marang ing si Bapa maneh,
amatihana nagara,
iku sayogya ngrasa,
Bapa Patih Betaljemur,
bisa karya ayuning rat.

38. Welinge Jeng Rama Aji,
kinon anut ing aturnya,
mring si bapa pituture,
nanging Betaljemur wikan,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jro kitab adamakna,
dene dudu pasthenipun,
matihi Prabu Nusirwan.

39. Si Besthak iku kang pesthi,
matihi Prabu Nusirwan,
nging Betaljemur ature,
ing Sri sagah maluyakna,
desa kang samya rusak,
sukeng tyasira Sang Prabu,
kondur maring dhatulaya.

40. Betaljemur sigra mulih,
anganthi Ki Patih Bestak,
kang sewaka bubar kabeh,
amung Kyana Patih Bestak,
lajeng marang Pijajar,
tut wuri mring Betaljemur,
pangger-angger ngreh wong desa.

41. Wus mulya kadya ing nguni,
samya paran-pinaranan,
datan ana walang atos,
ingkang lampahan sadina,
rong dina telung dina,
neng marga samya rahayu,
tan ana wigenanira,

42. Katur ing sri narapati,
suka harjaning wong desa,
kuneng gantya winiraos,
malih ing Mekah nagara,
yuswane Raden Ambyah,
ing wayah sapuluh taun,
baguse saya kalintang.

43. Cahyane saya nelahi,
respati dedeg pidegsa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

turut awijang baune,
rurus ingkang pasariran,
wus kadi ingongotan,
wadana kadya binubut,
memak wiwil rikmanira.

44. Jaiting netra amanis,
pasemone awiletan,
tur ruruh suleksanane,
jetmika jait apasang,
andhap lungiting cipta,
wiweka waskitheng tanduk,
ambek santa budi darma.

45. Dadya sambating akingkin,
pupujine rara kenya,
lulut sagung rare akeh,
piturun Hyang Mahamulya,
eseme pait kilang,
yen ngucap lir madujuruh,
turasing nabi Sri Nata.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

II. AMBYAH LAN UMARMAYA WIWIT KATINGAL KALANGKUNGANIPUN

SINOM

1. Awisayeng kaprawiran,
   sudibya marang kuwanin,
   kalintang prakosanira,
   meksih rare sukeng westhi,
   prawira anglangkungi,
   mantep tatag tur atangguh,
   kang rama langkung suka,
   ketang panedhane nguni,
   tinarima ing Gusti kang sipat rahman.

2. Sami lawan Umarmaya,
   yuswanira sang apekik,
   sami sadasa lumampah,
   tan pisah akonthal-kanthil,
   Umarmaya winarni,
   ana wadine ambesur,
   waged karya upaya,
   bisa ngrenah kaki-kaki,
   yen micara bisa akarya lulumpat.

3. Meh kadi rare kajiman,
   barang solah nyalawadi,
   mendah lamun diwasaa,
   wiweka julig awegig,
   cucut kapati-pati,
   dhasar warnane weh yungyun,
   bunder ingkang wadana,
   rikmane abang barintik,
   awak ireng ngalunyat kaduk sembrana.

4. Dedeg mathesel kapalang,
   nanging pundhake anglengking,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

netra manara ngatirah,
alise anggung cinincing,
lambe jongor amanis,
yen angucap tuntung nggunyu,
kang swara erak-erak,
wilete asemu lindri,
tembung manis ngalunyat rada naracak.

5. Nora nganggo milih papan,
naracake amrak ati,
asembrana parikena,
amuthakil semu manis,
melikan semu dregil,
maksih sedhep tibanipun,
adelap tiba ladak,
anyalunthang melas asih,
akalahan anggung ngemak-emak sirah.

6. Alimpat pasang grahita,
wiwekanya angenteni,
atitih lamun micara,
panggalihe langkung wegig,
wignya ing pasang yogi,
waskitha ngeningken kalbu,
kebat tatag trengginas,
lumuh kena kudu odhil,
pothet lamun akarya sandi upaya.

7. Melikan karem mring donya,
apan ora sedya sugih,
owelan nanging balaba,
Ambyah Marmaya winarni,
ameng-ameng mring jawi,
aningali lare gelut,
prapta Marmaya mojar,
Ambyah metuwa den aglis,
apan sira rare iku kang tinantang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Rare ingkang gegelutan,
arame banting binanting,
suka kang samya tumingal,
yata na rare sawiji,
sigra denya marani,
Rahaden Ambyah jinagur,
sarta jinengkang-jengkang,
Raden Ambyah mesem angling,
Umarmaya anggetak kinen malesa.

9. Raden Ambyah males sigra,
lare cinandhak binanting,
maledug babalungira,
pecat sarandune enting,
kulit pating saluwir,
jisime kari sacakup,
awor kalawan lemah,
kang duwe anak anangis,
amilungguh dhumateng sang adipatya.

10. Wus dhawuh kinen matara,
genge lare kang binanting,
lawan sira Raden Ambyah,
malah iku andhingini,
rare ingkang binanting,
lawan ta wus limrahipun,
lare padha dolanan,
sapa wruha prapteng pati,
nora dadi bicara mantuk kewala.

11. Sira Raden Umarmaya,
angajak dolan mring jawi,
sami ningali brahala,
kabuyutane wong kapir,
ingkang sami anunggil,
neng jro Mekah wismanipun,
anggung dina pinuja,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kabuyutan den sajeni,
warna-warna adi-adi papanganan.

12. Tanapi sinungan dhangka,
ing wuri kinebon sami,
lare kalih sampun prapta,
manjing gedhong aningali,
sajene warni-warni,
damare pating palancur
recane sinumpingan,
sajene sampun den ambii,
Raden Ambyah kalih sira Umarmaya.

13. Panganan samya pinangan,
damar murub den pateni,
kang atunggu wong satunggal,
srengen anggawa gigitik,
sarta ngujar-ujari,
Umarmaya kang den ambul,
gitik ingagar-agar,
monyet iki kang marahi,
angalunyat kaya wong bagus-bagusa.

14. Rupamu abajing alas,
ambeler ngudubilahi,
mati tak gebug mengko ta,
raraimu kaya bethik,
Umarmaya ngoncati,
ampingan neng wurinipun,
Raden Ambyah gya nyandhak,
kang tunggu gedhong binanting,
balung remuk awor lemah kapisanan.

15. Dhangka wau ingobongan,
kabuyutane kabesmi,
kagyat tandang wong sadesa,
sedyane anjemalani,
maring rare kakalih,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anon yen kancane lampus,
jisim kadya ginubah,
kekes wurung jemalani,
lanang wadon pra samya ngrawus kewala.

16. Gumeder anguman-uman,
wus kesah lare kakalih,
sigra kang duwe brahala,
milungguh sang adipati,
lumampah jalu estri,
prapta sang dipati muwus,
lah ana karyanira,
matur amilungguh sami,
Raden Ambyah mateni wong tunggu dhangka.

17. Lawan ngobong kabuyutan,
ngandika sang adipati,
manira tan bisa nyegah,
pan ingsun nora malangi,
sakarepira dadi,
maring lare loro iku,
yata kang duwe dhangka,
meneng wekasane wedi,
sinakarep wekasan mundur kewala.

18. Wau sang dipatyeng Mekah,
kang putra den andikani,
kalawan Ki Umarmaya,
lingira sang adipati,
sireku lare kalih,
padha dodolana metu,
aywa sajroning kutha,
kalunta-lunta tebih,
sakarepmu sajabane kutha kana.

19. Sigra mesat samya dolan,
tan pisah lare kakalih,
maring sajabaning kutha,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan pisah akonthal-kanthil,
nulya wau mingali,
kebon akeh kurmanipun,
gya sira Umarmaya,
malumpat wus prapteng nginggil,
ngundhuh wohe kurma mateng wus pinangan.

20. Raden Ambyah duk tumenga,
kalangkung denya kapengin,
kakang ingsun uncalana,
kurma kang mateng sathithik,
Umarmaya tan angling,
eca sesendhon angidung,
sarwi amangan kurma,
cineluk den jajaluki,
pareng nolih Marmaya lajeng anyentak.

21. Yen sira rep mangan kurma,
aywa sira balebegi,
bok menek dhewe ta sira,
padha duwe tangan sikil,
tan kober angalethis,
anggung gawe celak-celuk,
Raden Ambyah angucap,
sira tan aweh sayekti,
Umarmaya sumaur tan aweh ingwang.

22. Miling-miling Raden Ambyah,
ngruruh kurma kang andadi,
ingkang ngemohi rang-arang,
mung nggone Marmaya dadi,
mateng-mateng ngemohi,
gya cinandhak uwitipun,
binedhol lajeng rungkad,
Marmaya malembang aglis,
sarwi ngucap nyamuk-nyamuk mangan kurma.

23. Wau sira Raden Ambyah,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kurma mateng rebah nuli,
papah sampun ingancikan,
dhahar sarya mimilihi,
yata Marmaya nuli,
mudhun sarwi manthuk-manthuk,
aris denira mojar,
Ambyah ngong anjaluk siji,
aku iki kapengin olehmu mangan.

24. Lajeng milu mangan kurma,
Raden Umarmaya nuli,
amalembung akakayang,
anggung denira sisirig,
eca dhahar wong kalih,
kang duwe wit kurma weruh,
gya medal ngujar-ujar,
sarwi anggawa gigitik,
kang sawiji weruh lamun Raden Ambyah.

25. Lah iku aja wong menak,
wus mateni wong kakalih,
binanting balunge remak,
kang duwe kurma miyarsi,
ing wangsane kang warti,
wong loro sareng lumayu,
dandan maring jro kutha,
milüngguh mring sang dipati,
yen putrane loro sami ngrusak kurma.

26. Yata lajeng ingilenan,
dhateng ing sang adipati,
saregane kurmanira,
mangkana rahaden kalih,
pra samya aningali,
maring wong kang ulah pupuh,
apan ing nagri Mekah,
saben taun ajar banting,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anggugulang kaprawiraning ngayuda.

27. Ing saben-saben mangkana,
parisanira panjalin,
saweneh junjung-junjungan,
ana prajurit sawiji,
arang wani nadhahi,
saben-saben metu wudhu,
tan ana kang lawana,
susumbar acerik-cerik,
sapa arep mati manjinga kalangan.

28. Ki Umarmaya angucap,
sirambyah kang densumbari,
wong menak alon angucap,
dudu aku den sumbari,
Marmaya ngucap malih,
sarwi nyandhung sukunipun,
iya sira tinantang,
dhasare sireku jerih,
nora wirang wong tinantang nora medal.

29. Sigra malebu kalangan,
prajurit ingkang ningali,
ana lare mring kalangan,
pangucapira aririh,
sira arsa punapi,
malebu kalanganipun,
wong Menak aris mojar,
payo bantingen sun iki,
wong punika gumuyu alatah-latah.

30. Mara sarwi ngucap-ucap,
sira kulup sun tuturi,
ingsun iki saben dina,
watu kang sun karya undhi,
timah sun gawe siring,
genge padha lan awakmu,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sun umbulaken tawang,
watu gung katon sapeksi,
anjunjunga sira ta mangsa gawera.

31. Raden Ambyah Ion angucap,
lah mara bantingen marni,
prajurit ika angucap,
meksa temen sira iki,
baya sira mekasi,
sigra cinandhak jinunjung,
Raden Ambyah tan obah,
pineksa jinunjung malih,
kuwatira dinokok ing astanira.

32. Parandene nora kangkat,
malah tumetes kang getih,
saking ing darijinira,
suku tumanceb ing siti,
napase metu kuping,
Raden Ambyah tan kajunjung,
lajeng genti cinandhak,
munggeng ing asta tininggil,
den ubengken lajeng binanting ing kisma.

33. Dadya galepung badannya,
tan ana kalap samenir,
wong kalangan samya bubar,
sadaya ebat ningali,
gumyak ingkang wawarti,
saking bumintara kasub,
yen pra kuswa kalintang,
warnanen sang adipati,
animbali putra kalih sampun prapta.

34. Abuntalib Menak Abas,
kang rama ngandika aris,
kulup paran karepira,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

prakara arinireki,
asring amamateni,
akeh wong padha milungguh,
kayapa budinira,
sudaa gagah sathithik,
dene maksih lare gagahe kalintang.

35. Kulup Abas arinira,
ing yuwana wus ngiseni,
ing wirayating pameca,
ing tembe dadya prajurit,
samengko meksih cilik,
besuk diwasane agung,
darapon salameta,
menek kulup karep marni,
sira pasrahena marang Sang Pandhita.

36. Darapon mariya gagah,
dimene winuruk ngaji,
Abuntalib Menak Abas,
turira inggih prayogi,
kang putra den timbali,
Raden Ambyah nulya rawuh,
kalawan Umarmaya,
Menak Abas Abuntalib,
nembah lengser sarwi nganthi arinira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

III. AMBYAH LAN UMARMAYA SINAU NGAOS

KINANTHI

1. Rahaden Ambyah tut pungkur,
   lan Umarmaya tan kari,
   ing marga tan winursita,
   lampahira sampun prapti,
   ing wismane Sang Pandhita,
   matur Raden Abuntalip.

2. Lampah kawula pukulun,
   ingutus RamaDipati,
   ngaturaken Yayi Ambyah,
   paduka wuruk angaji,
   kalawan pun Umarmaya,
   sampun sumelang ngerengi.

3. Kalihira samya besur,
   sampun taha andukani,
   malar samya mituruta,
   sang pandhita ngandika ris,
   matura ing ramanira,
   aja sumelang ing galih.

4. Raden kalih pamit sampun,
   Sang Pandhita ngandika ris,
   sun kirim salam pandonga,
   mring ramanira dipati,
   sinunga nugrahaning Hyang,
   raden kalih awot sari.

5. Lengser sing ngarsa Sang Wiku,
   Menak Abas Abuntalip,
   kawarnaa kang tinilar,
   pan sampun winulang ngaji,
   winor lawan santri kathah,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tur gathekan anglangkungi.

6. Kalangkung ing lantipipun,
manahe wong Menak Amir,
betah ngluwe pan kalintang,
lantipe pan ngelangkungi,
sanes lawan santri kathah,
wong Menak denira ngaji.

7. Yen amaca Kur'an iku,
katame padha sawengi,
tanapi yen maca kitab,
wus kagem aneng ing galih,
samya gawok kang tumingal,
sakathahe para santri.

8. Pinesu ing galihipun,
wau sira Menak Amir,
apan nora dhahar-dhahar,
salaminira angaji,
kalamun arsa adhahar,
sinamun kalawan guling.

9. Sakehe santri agumun,
sadaya denya ningali,
betahe ngluwe kalintang,
lantipe kepati-pati,
kapara kapere uga,
Umarmaya gegedhegi.

10. Marmaya dremba kalangkung,
yen mangan sakendhil enting,
gawene pan ora ana,
tan purun ngaji mring masjid,
ngaliwet sadina-dina,
angedhuk bari mususi.

11. Mangan sambi tunggu latu,
yen telas denira bukti,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

liwete nulya ginelak,
yen mateng kinedhuk malih,
pan sinambi ngosek beras,
amangan bari ngebuti.

12. Kendhile tan mudhun-mudhun,
rina wengi den geneni,
yen mateng nuli pinecah,
segane nuli binukti,
ing saben dina mangkana,
kancane kongsi asedhih.

13. Wingkane angundhung-undhung,
ngaliwet anyilih malih,
yen mateng nuli pinecah,
susah sakehing pra santri,
arsa nora den wehana,
ajrih marang Menak Amir.

14. Para santri samya rembug,
yen nyilih aja den wehi,
lah iya si Umarmaya,
samana anyilih malih,
apan nora sinukanan,
mubeng nora antuk kendhil.

15. Marmaya manahe bingung,
nyilih kendhil datan olih,
gadebugan niba-niba,
samana banjur anangis,
gelolo panangisira,
kancane welas ningali.

16. Semana arsa tinulung,
Umarmaya andhedheli,
sakeh santri rinampasan,
kancane sawiji angling,
lah pagene Umarmaya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sakeh santri den dhedheli.

17. Umarmaya lon amuwus,
apan sarwi ringik-ringik,
lah pagene santri kathah,
dahwen marang wong anangis,
anangis iya bok bena,
pan cangkemingsun pribadi.

18. Enak nangis merem ngantuk,
gumrudug anjawil-jawil,
kagyat kandheg tangis ingwang,
pesti suda kang rejeki,
iku sudane nem reyal,
marma kabeh sun dhedheli.

19. Nyilih kendhil datan antuk,
kendhile dipun simpeni,
ana santri tuwa ngucap,
sapa aweh den silihi,
akeh padha mulih pecah,
yen tan aweh ngincim-incim.

20. Larang-larang nggone tuku,
dhuwit daman lehe ngemis,
saben nyilih-nyilih pecah,
yen tan aweh denisingi,
luput rina bengi kena,
gumer sagung para santri.

21. Suthik meneng-meneng ingsun,
yen tan antuk nyilih kendhil,
yata pra santri sadaya,
ngalulu karsanireki,
iya maring Umarmaya,
sadaya sami nyilihi.

22. Wetarane pitung puluh,
ngumbruk aneng ngarsaneki,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anulya jinajar-jajar,
wau marang Marmayeki,
nulya kinarya bonangan,
kumrupyuk swaranireki.

23. Para santri samya ngungun,
ningali Umarmayeki,
mentas samya dhinedhelan,
kendhile dipun pecahi,
marang sira Umarmaya,
siji datan ana kari.

24. Para santri samya muwus,
Marmaya wong edan baring,
mangsane na wong sembahyang,
kang santri munggeng ing masjid,
kancane sujud sembahyang,
silite dipun duleki.

25. Kancane sembahyang sujud,
kupinge dipun taleni,
gumuyu alatah-latah,
saweneh sujud jinenggit,
para santri samya batal,
gumuyu kepati-pati.

26. Yen mangsane santri wektu,
Marmaya tan purun ngaji,
amung ngaji sisirepan,
Marmaya kang dipun aji,
lawan dhesthi jaran guyang,
punika kang dipun aji.

27. Pangasihan myang guneku,
Marmaya kang dipun aji,
myang balabag sihantolan,
Pancasona Brajamusthi,
lan si Bandhungbandawasa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lamporan kang mandi-mandi.

28. Pangabaran butak linthuh,
kalawan sang Brajageni,
kalawan Kidangkancana,
Lembusakilan kangjulig,
Semarputih Jatingarang,
kemat antu tapak angin.

29. Wus kathah ing ngelminipun
lamine ngaji neng bleki,
leledhang marang ing pasar,
miling-miling angideri,
mulat wong adol kaluwa,
Marmaya langkung kapengin.

30. Marmaya pan arsa tuku,
nanging datan darbe picis,
sangune pan sampun telas,
arepe kapati-pati,
tambuh-tambuh solahira,
dangu-dangu aningali.

31. Marang gamparaning guru,
sineler binektä mijil,
ginawa marang ing pasar,
ingurupaken tumuli,
satetel juwadahira,
kaluwane sakuwali.

32. Gamparan satunggalipun,
nulya ingurupken aglis,
panganan patukon pasar,
ingambeng dados kakalih,
rineka lir wong sedhekah,
panganan awarni-warni.

33. Marmaya mangan sumrikut,
kuwaline denkakahi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kumlakaren nora telas,
anulya binekta aglis,
marang masjid pamulangan,
wong menak kang den tawani.

34. Raden Ambyah lon amuwus,
iku olehira ngendi,
Marmaya lon wuwusira,
si biyang ingkang kikirim,
ambengan wus munggeng tengah,
kinubeng sakeh pra santri.

35. Umarmaya ijabipun,
mumule kang tunggu masjid,
slametan guruku iya,
saputra wayahe sami,
anulya samya kinepang,
marang sagung para santri.

36. Malah sang pandhita wau,
sinaosan milu bukti,
sawusira kukundangan,
sang pandhita arsa mijil,
mulat gamparane ilang,
sapa njupuk kaos mami.

37. Wonten santri lon sumaur,
wau pun Umarmayeki,
mbekta gamparan mring pasar,
anulya sami tinitik,
panggih wong adol kaluwa,
Umarmaya kang ngurupi.

38. Wong Menak ngandika arum,
sira dol gamparan iki,
Umarmaya saurira,
lah apa langkang pinikir,
kabeh padha milu mangan,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wong Menak kalangkung isin.

39. Sang pandhita ngandika rum,
iya luput saka marni,
lah bener si Umarmaya,
ujar wong santri iki,
karam nganggowa kancana,
wus tan dadi ngapa iki.

40. Kancana sun karya bungkul,
lah iya gamparan mami,
pantes lamun den edola,
marang pothet gurit wesi,
lah iya ingsun tarima,
sira peling marang mami.

41. Wis aja dadi atimu,
sira kulup Menak Amir,
yata wau Umarmaya,
angajak medal tumuli,
sapraptanira ing jaba,
Marmaya amuwus aris.

42. Pan sarwi gumuyu guguk,
alahi uwis aja ngaji,
duk dhingin ingsun miarsa,
ana patih ing Medayin,
lungane numpesi bocah,
marang ing Yahman nagari.

43. Duk prapta ing lampahipun,
marang nagri kang kaeksi,
laju marang nagri Mekah,
angaku sudara wedi,
marang rama jengandika,
langkung denya karonron sih.

44. Duk sira lair lan ingsun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

malah padha den tinggali,
iya emas pitung unta,
kang saunta marang marni,
pan dhingin sira wineca,
ing tembe dadi prajurit.

45. Iya lawan raganingsun,
kang dadi kanthinireki,
wong Menak alon ngandika,
kaya bener kang mastani,
kaletheke pikiringwang,
kaya rep dadi prajurit.

46. Ya apa gagamanipun,
wong arsa andon ngajurit,
inggih boten kadi panah,
gada bindi pedhang tamsir,
ulur-ulur alugora,
paser cacap duduk slingkring.

47. Lembing busur lawan tulup,
rajang gandi kala wai,
wong Menak alon ngandika,
alah kakang payo pamit,
iya marang Sang Pandhita,
wong anom kapanggih margi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IV. AMBYAH LAN UMARMAYA MANTUK SAKING PASANTREN

SINOM

1. Wong loro sareng lumampah,
kuneng lampahireng margi,
semana pan sampun prapta,
sang pandhita wismaneki,
ngandika Sang Ayogi,
lah kulup ana gawemu,
sira marek maringwang,
dene ta anyalawadi,
Menak Ambyah umatur sarwi pranata.

2. Angasih-asih mangrepa,
mila marek Sang Ayogi,
yen pareng karsa paduka,
kawula anuwun pamit,
lan kakang Marmayeki,
kawula anuwun mantuk,
kangen dhateng pun rama,
miwah ibu ta puniki,
Sang Pandhita arum wijiling wecana.

3. Lah iya sakarsanira,
yen sira kudu amulih,
ingsun kirim salam donga,
mring ramanira pribadi,
yata sagung pra santri,
sadaya samya gegetun,
dene Ki Umarmaya,
wong Menak arsa amulih,
pesthi sepi yen mulih Ki Umarmaya.

4. Pra samya asasalaman,
sakehing kang para santri,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kuneng wau kang tinilar,
wong Menak samya lumaris,
ing marga tan winarni,
wus lepas ing lampahipun,
wong loro wirandhungan,
Marmaya samargi-margi,
gawe riwuk aneng manca ing amanca.

5. Akarya sandi upaya,
panyobanira angenting,
wau sira Umarmaya,
rare angon den parani,
Umarmaya wus prapti,
nggoning rare rubung-rubung,
prapta Marmaya ngucap,
eh rare angon sireki,
iya sira kabeh kang padha tinantang.

6. Iya marang rare ika,
bocah mengi kuru aking,
kroyoken rare akathah,
apa sira nora wani,
apa ta nora isin,
rupamu abrengkut-brengkut,
rare angon miarsa,
bramantyanira tan sipi,
pan gumuruh Raden Ambyah pinaranan.

7. Wonten rare kawan dasa,
wong Menak dipun parani,
pan sarwi jinengkang-jengkang,
ana ingkang anjaguri,
wong Menak datan osik,
tan nedya malesa. iku,
kinrubut lare kathah,
ana dugang nepang bithi,
kang saweneh ana bijig saking wuntat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Ananging kendel kewala,
datan nedya amalesi,
Umarmaya akakayang,
marani sarwi sisirig,
Umarmaya sru angling,
sira iku apa busuk,
pagene tan malesa,
wong Menak mesem anolih,
lare angon sawiji nulya cinandhak.

9. Nenggih kang ageng piyambak,
binanting awor lan siti,
maleduk babalungira,
apan nora dadi takir,
kulit pating saluwir,
jisime kari sacakup,
rowange gya lumajar,
agiris lumayu mulih,
sedyanira tutur marang ramanira.

10. Geger wong bumi gya medal,
tengara gendhong kang muni,
gumruduk sadaya medal,
anggawa tumbak lan bedhil,
pra samya anututi,
mring lare kalih puniku,
Umarmaya angucap,
Ambyah tinantang wong bumi,
sareng nolih akendel ingkang lumampah.

11. Wong desa prapta gumerah,
angepung rare kakalih,
lor kulon kidul myang wetan,
akemput sagung wong bumi,
Ki Umarmaya aglis,
amasang sosorotipun,
singa ingkang katrajang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kagum sakehe wong bumi,
kang dahana amburu kadya manungsa.

12. Sandhangane samya kobar,
kang katrajang dening geni,
wong desa mawur wurahan,
sandhangane den buwangi,
bebet iket kelambi,
binuwang kathok lan sabuk,
miwah kang durung kobar,
wus kanji dipun buwangi,
mawur-mawur wong desa lumayu wuda.

13. Sumrikut Ki Umarmaya,
asirig sarwi ngasagi,
kuneng anulya lumampah,
wus lepas lare kakalih,
dhusun geng turut margi,
anuju pasaran agung,
lajeng marang ing pasar,
mider-mider angulati,
sampun panggih prenahe wong adol panah.

14. Wus panggih Rahaden Ambyah,
lawan kang adol jemparing
nulya wau pinariksa,
gandhewa pipitu sami,
anulya den tariki,
amilih kang kaku-kaku,
gandhewa pitu pegat,
kang adol panah lingnya ris,
sira iku apan ta dudu manungsa.

15. Kuwatmu kagila-gila,
dodolaningsun jemparing,
kanggo para raja-raja,
wong Menak ingsun tuturi,
dhingin sun angrawati,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan sampun turun tumurun,
saking wong tuwaningwang,
angkere kapati-pati,
kang gandhewa kiyate kagila-gila.

16. Cature kang kuna-kuna,
iku kagungan Jeng Nabi,
Jeng Nabi Iskak kang yasa,
salawase aneng mami,
sun ukup rina wengi,
anggepoka bae durung,
sok uga kelar ngembat,
yekti sira kang nduweni,
kang gandewa bobote kagila-gila.

17. Aja kudu nganggo tumbas,
wong Menak anulya kering,
ingambil tinampan sigra,
wong Menak resep ningali,
nulya ingembat aglis,
pinasang jemparingipun,
linepasaken enggal,
benering gumuk sathithik,
senuk liwat jinemparing lajeng tatas.

18. Lajeng manjing ing pratala,
kalangkung nerus ing bumi,
wong Menak suka tyasira,
kang darbe panah lingnya ris,
iku pan wis pinasthi,
lamun sira kang anggadhuh,
wus sinungken sadaya,
endhonge lawan jemparing,
wus tinampan dhumateng Rahaden Ambyah.

19. Wus banget panrimaningwang,
nanging meksih cuwa mami,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

durung ana guruningwang,
kang adol panah lingnya ris,
ngriki wonten wong luwih,
tate ginuron wong agung,
kang samya andon aprang,
wong Menak lingira aris,
saking ngriki atebih punapa celak.

20. Kang adol panah pitedah,
wong Menak sigra lumaris,
anulya panggih semana,
ingkang arsa den guroni,
wetenge nuju sakit,
wong Menak sigra amuwus,
Marmaya ngupayaa,
dhudhukun ingkang nambani,
iya bakal guruningsun kang prayoga.

21. Umarmaya sigra mentar,
kang sakit lajeng ngemasi,
wong Menak ngungun tyasira,
tanbuh-tanbuh solah neki,
lajeng manjing wanadri,
yata wonten wong kadulu,
saking satengah wana,
sandhangane sruwa abrit,
ngawe-awe dhumateng Rahaden Ambyah.

22. Duk prapta Rahaden Ambyah,
cinandhak astanira glis,
anulya wau winejang,
tandange wong anjemparing,
winuruk medhang aglis,
winulang aji kang teguh,
petak kang gara-gara,
wus katampan sadayeki,
wus kacakup sadaya munggeng ing badan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

23. Kalokeng ing pramudita,
guru iku Jabarail,
sasampunira winejang,
nulya musna tan kaeksi,
yata wong Menak Amir,
langkung ing pangungunipun,
yata wau kapapag,
guru mring Umarmayeki,
binisikan wau sira Umarmaya.

24. Wus katampan ing wardaya,
nulya musna tan kaeksi,
grahita Ki Umarmaya,
kalamun sang Jabarail,
Umarmaya sisirig,
kakayang wetenge mlembung,
bener ingkang anyetha,
ing yuwana wus ngiseni,
pratandha yen kabeh-kabeh pan wus ana.

25. Wus panggih Ki Umarmaya,
kalawan wong Menak Amir,
tinutur ing solahira,
miwiti malah mungkasi,
semana Menak Amir,
alon denira amuwus,
heh Kakang Umarmaya,
ngong durung darbe turanggi,
Umarmaya arum wijiling wacana.

26. Yen mangkono karsanira,
lah payo padha amulih,
ramanira darbe kuda
gedhene angliliwati,
nanging galak kapati,
kang nunggang tan ana purun,
mbrakot nyepak anujah,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wong Menak suka miarsi,
wus mangkat wong Menak lan Umarmaya.

27. Nerajang ing wanawasa,
tan pisah lare kakalih,
margane rumpil tur jurang,
sagara gung parangcuri,
kapungkur ing wanadri,
katon dhusun agung-agung,
yata Ki Umarmaya,
neng marga manggih turanggi,
pan kacancang kuda munggeng pinggir marga.

28. Dhadhunge ingkang cinandhak,
nulya dipun kendhaleni,
mara Ambyah tunggangana,
eman temen jaran ikj,
anulya den titihi,
turangga gigire putung,
Umarmaya jlalatan,
wong desa dipun parani,
eh wong desa jaranira pinatenan.

29. Iya marang bocah ika
ingkang mengi kuru aking,
padha kroyoken ing kathah,
apa sira nora wani,
wong desa gendhong titir,
sadaya medal gumrubyug,
gya rinebut wong kathah,
ana ingkang anggebugi,
Raden Ambyah kinrubut sagung wong desa.

30. Nanging sira Raden Ambyah,
tan nedya malesa ugi,
yata wau Umarmaya,
mrepeki sarwi sisirig,
Umarmaya sru angling,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sarwi nyandhung sukunipun,
pagene tan malesa,
wong Menak gumuyu nolih,
pan wong desa cinandhak ingadu kumba.

31. Maledug babalungira,
tan ana kalap samenir,
wong desa giris tumingal,
lumayu arebut dhingin,
bubar wong desa gusis,
Marmaya alon amuwus,
Ambyah payo umangkat,
manawa akeh nututi,
sareng mangkat wong Menak lan Umarmaya.

32. Wus laju ing lampahira,
kuneng lampahireng margi,
sawuse prapta semana,
jajahan ing tepis wiring,
pinuju kang lumaris,
malipir ing kutha agung,
wonten wong guyang gajah,
titihane sri bupati,
langküng ebat Marmaya mara tatanya.

33. Lah iku buburon apa,
gedhene kepati-pati,
satuwuk ingsun agesang,
apan durung aningali,
buron kadi puniki,
cangkeme pan kadya kluwung,
sikile lir ububan,
kupinge pan kadi ilir,
mata laron serati lajeng anggetak.

34. Lah iki ta bocah apa,
mengko matamu dakecis,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Umarmaya gya angucap,
ladak temen sira iki,
ingsun tanya sayekti,
arep ngecisi raiku,
Serati wuwusira,
temen sira durung uning,
iya iki ingkang ingaranan gajah.

35. Titihlane sri narendra,
Marmaya amuwus aris,
rupane lir celeng rawa,
Serati amuwus aris,
bocah iki kemaki,
idakna gajah men ajur,
Marmaya malangkadhak,
gajahmu mbok ingsun bithi,
pestili metu uteke gajahmu ika.

36. Serati ing wuwusira,
pan bocah iki kemaki,
yen pecah endhasing gajah,
peken praboting Serati,
Umarmaya sru angling,
bocah ika sun kon jagur
bocah kang mengi ika,
Serati gumuyu angling,
lah ta konen bocah ika sok gelema.

37. Rupamu kaya wenara,
lah gage sira den aglis,
Umarmaya sigra kesah,
manggihi wong Menak Amir,
heh ta Ambyah sireki,
gajah ika kinen njagur,
yen pecah ndhasing gajah,
kon ngepek praboting Srati,
trima lowung Ambyah sira lakonana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

38. Wus kering Rahaden Ambyah,
wus prapta goning Serati,
sigra denira anyandhak,
sirahing gajah binithi,
kumapruk swaraneki,
sirahing gajah wus ajur,
tan kongsi mindhonana,
Serati lumayu gendring,
sedyanira matur marang ratunira.

39. Umarmaya dherakalan,
Ambyah lumayuwa aglis,
iya menek tinututan,
wong Menak nulya lumaris
yata Umarmayeki,
abunder palayunipun,
narajang wanawasa,
kuneng lampahireng margi,
sampun prapta sajrone kitha ing Mekah.

40. Laju manjing jroning pura,
yata wau Sang Adipati,
pinuju lagya lenggahan,
putra kalih awot sari,
lajeng tumameng ngarsi,
manembah angaras suku,
yata Sang Adipatya,
kang putra rinangkul aglis,
Umarmaya ngabekti mangaras pada.

41. Apa sira lagi prapta,
kang putra kalih wot sari,
pukulun nggih daweg prapta,
apan saking ing Baleki,
anenggih Sang Ayogi,
kintun salam donganipun,
dhumateng ing panduka,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sang Dipati angurmati,
ingkang putra Umatur dhateng kang rama.

42. Raden Ambyah angrerepa,
umatur angasih-asih,
yen pareng atur kawula,
punika wonten turanggi,
manawi amarengi,
Jeng Rama kawula suwun,
sanget remen kawula,
kang rama ngandika aris,
kulup aja wani-wani jaran ika.

43. Kang putra matur ameksa,
kang rama teka nuruti,
nulya wau kinamhilan,
busanane langkung asri,
sigra binekteng mijil,
wau munggeng alun-alun,
sigra wus tinitihan,
kiniteraken tumuli,
kang turangga lagi antuk pitung tindak.

44. Gigiring turangga pegat,
tiba nulya angemasi,
yata sira Umarmaya,
angungun kapati-pati,
dene kuda nglangkungi,
punjul samaning tumuwuh,
ing mengko kongsi pejah,
ngendi nggoningsun ngulati,
sang dipati miarsa ngungun ing driya.

45. Umarmaya nulya kesah,
lampahira mindha druwis,
nulya na wong dagang prapta,
saking ing Yaman nagari,
mbekta kuda satunggil,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kalangkung ing agengipun,
lagya kendel madhangan,
Marmaya liwat kapengin,
anerambul Umarmaya milu madhang.

46. Asebok pamulukira,
tumungkul tan nolih-nolih,
puluke sacengkir lola,
mesem kang samya ningali,
destun temen woang iki,
kepele gedhe tur lemu,
ngrecih karep amunggah,
Marmaya nglirik turanggi,
sarwi mangan Marmaya nglirik ing wuntat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

V. AMBYAH MANGGIH KAPAL TITIHANIPUN NABI ISKAK INGKANG NAMA KALISAHAK.

PANGKUR

1. Sadangunira amangan,
Umarmaya pi-api mrebesmili,
mingseg-mingseg sarwi muluk,
tan pegat mawas kuda,
kinangkoda semana alon amuwus,
heh druwis pagene sira,
sasuwene milu bukti.

2. Dene nora pijer mangan,
mung ningali marang turangga mami,
teka pijer senggrak-senggruk,
sumaur Umarmaya,
pan kalingan jenate wong tuwaningsun,
gagarapane turangga,
Ki Nangkoda muwus aris.

3. Yen mengkono sira bisa,
ngulah kuda bisa nenegari,
Marmaya lon amuwus,
ingsun anak panegar,
yekti bisa ngulah kuda awakingsun,
sabusukane turangga,
yen sun ajar nuli dadi.

4. Laku-lakuning turangga,
nora susah manira wus undhagi,
jojog miwah nyongklang lembut,
nyirig medhar mendhapan,
myang andheyan ngatepang ngawal wus baut,
Ki Nangkoda wuwusira,
tegarana jaran mami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Yen mundhak regane ika,
bisa lemes sun ganjar sira benjing,
lamun akeh payunipun,
kuda binekta medal,
apan kinen nitihi Umarmayeku,
kiniteraken saksana,
tinatulah bola-bali.

6. Lakuning kuda wus kena,
jojogira turangga kang rumiyin,
nyongklang nyirig sampun rampung,
pinet congklange lembat,
pan wus dadi turangga pamedharipun,
nuli pinet sanderira,
wus kena sanderirekl.

7. Linarugaken sapisan,
tan adangu nulya binekta bali,
anulya sinabet mamprung,
pinati sanderira,
kang turangga samana binekta nglangut,
adangu datan katingal,
Ki Nangkoda pongah-pangih.

8. Ulatira pendirangan,
wus angrasa lamun ilang kang wajik,
nanging pangungune kuntung
nulya samya lumampah,
Umarmaya semana pan sampun rawuh,
panggih kalawan wong Menak,
nuju meng-ameng neng ngriki.

9. Jawi tepine ing pasar,
lare alit kathah samya angiring,
wong Menak alon amuwus,
heh kakang olah kuda,
pirajine Marmaya gonira tuku,
Umarmaya saurira,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kuda goningsun ngapusi.

10. Mara Ambyah tunggangana.
iki kuda ageng angliliwati,
kuda galak saking Ngerum,
anulya tinitihan,
Umarmaya animbangi keringipun,
lagya angsal pitung tindak,
pradong dengkeng lampah neki,

11. Putung gigiring turangga,
Umarmaya gegetun jroning ati,
anarithik kejepipun,
rumangsa lamun email,
Ki Nangkoda semana pan sampun rawuh,
mulat babathanging kuda,
gegetun sajroning ati.

12. Wong Menak alon ngandika,
heh Nangkoda apa kudanta iki,
Nangkoda alon umatur,
inggih jaran kawula,
den playokaken mring druwis puniku,
wong Menak alon ngandika,
apa sira nora pangling.

13. Marang druwis kang ambradhat,
inggih boten rikma abang barintik,
amathesel dedegipun,
muka kadya wanara,
Umarmaya wus salin busananipun,
wong Menak alon ngandika,
iya iki batur mami.

14. Pirajine kudanira,
Nangkoda ngling inggih diñar sakethi,
kuda kilakan saking Rum,
wong Menak lon ngandika,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sun ileni saparone reganipun,
sun paringi limang leksa,
Nangkoda bungah tan sipi.

15. Prasasat nemu kelangan,
datan nyana yen antuk ili-ili,
sadaya pan samya gunggung,
iki satriya pelag,
awelasan paramarta budinipun,
asih marang wong adagang,
kang saking liyan nagari.

16. Rahaden Ambyah ngandika,
ngendi oleh Marmaya kuda becik,
Ki Umarmaya amuwus,
paduka dipun sabar,
ngong ngulati antuka ingkang panuju,
wong Menak alon ngandika,
aja catur kehing regi.

17. Sanadyan rega rong yuta,
sok uga akelar ing jeneng mami,
Umarmaya sigra ngrasuk,
kulambi tatambalan,
bebed amoh ting saluwir iketipun,
medal sajawining kitha,
lampahira mindha druwis.

18. Wus lepas ing lampahira,
Umarmaya kalunta-lunta lebih,
prapta tengahing wana gung,
tilasing pager bata,
langkung rungkud karambatan ing dhudhukut,
mider-mider Umarmaya,
lawang ageng den ulati.

19. Adangu datan kapanggya,
wus kabrungkus marang ing oyodsami,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Marmaya manahe bingung,
kewuhan manahira,
nulya rnenek prapteng luhur mangkruk-mangkruk,
saluhuring pager bata,
Marmaya sareng ningali.

:0. Ing jero ana telaga,
toyanira kalangkung dening wening,
asri uparengganipun,
jembangan sarwa pelag,
sesekaran awarna-warna dinulu,
lan wonten gedhong punika,
isine kaprabon jurit.

! 1. Ananging gedhong punika,
wus kurugan ing elung warni-warni,
nenggih ing taman puniku,
Nabi Iskak kang yasa,
yen cangkrama Jeng Nabi wonten ing ngriku,
kang wonten gedhong punika,
isine awarni-warni.

12. Lan malih wonten turangga,
titihane Jeng Nabi mangun jurit,
meksih pepak wonten ngriku,
lawan kakambilira,
aneng gedhong lor kulon taman genipun,
panggenane kang turangga,
sajrone ing talagadi.

23. Madyaning taman punika,
ana meru padmasana rinukmi
kinubeng botra winangun,
pinatik nawa retna,
pinalipit ing manten ijo myang wungu,
abang biru seta jenar,
rinengga sekar taluki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Kanan kering pan rinengga,
pan candhi mas ingapit kanan kering,
asri uparengganipun,
kang candhi isi sekar,
gandawida taluki putih myang wungu,
sundelmalem ragahina,
tanapi gambir malathi.

25. Regula wungu myang pethak,
sokasrana kalawan sekar sruni,
tapakdara pacarbanyu,
kenanga lan cepaka,
yen amangun kasutapan aneng ngriku,
ing meru patmasana mas,
Jeng Nabi lamun martapi.

26. Taman iku nora ana,
wani ngambah wingit kapati-pati,
kalamun ana wong lungguh,
neng meru patmasana,
kuda medal swaranira gumaludhug,
ciptane pan ora liya,
enggone gustinireki.

27. Wau sira Umarmaya,
wus tumurun apan arsa udani,
wates elor lawan kidul,
kulon kalawan wetan,
mider-mider Marmaya sarwi angundhuh,
woh-wohan mateng akathah,
ngalor ngidul angucemil.

28. Umarmaya wuwusira,
vían temen warnane taman iki,
can ana kang darbe iku,
nora ana kang ngambah,
kang pethetan awarna-warna dinulu,
woyohan lan kembang-kembang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nora ana kang ngundhuhi.

29. Marmaya marang telaga,
nulya adus silulup jroning warih,
kang toya wening kalangkung,
Marmaya krasa nikmat,
uwis mentas busananira rinasuk,
mring meru patmasana mas,
Umarmaya aningali.

30. Dubilah den eman-eman,
bale emas tan ana kang nglinggihi,
pan ingsun cobane lungguh,
Marmaya nulya lenggah,
jroning ati Umarmaya pan gumuyu,
mukti temen raganingwang,
lungguh patmasana rukmi.

31. Mesem-mesem Umarmaya,
kawarnaa wau ingkang turanggi,
miarsa ana wong lungguh,
neng meru patmasana,
nulya medal swaranira gumaludhug,
oreg obah jroning taman,
Marmaya graiteng ati.

32. Lah iki swaraning apa,
dene lenggah Marmaya minggrang-minggring,
iki apa ana lindhu,
turangga nulya medal,
mangah-mangah sarta kupingira kuncup,
kadya anguntal-untala,
beker-beker mobat-mabit.

33. Marmaya arsa tinrajang,
angoncati lumayu sipat kuping
sambate abiyang-biyung,
lumayu nunjang-nunjang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngudubilah abunder palayunipun,
dharesel pinggiring jurang,
Umarmaya kethip-kethip.

34. Ana kadhal kumarosak,
Umarmaya jumbul lumayu gendring,
bobokong kopyok lir tambur,
lumayu kadhungsangan,
jungkir kethuk kajurang banjur kagulung,
amulat gedhong punika,
Umarmaya amarani.

35. Binuka ing lawangira,
pan katingal ngendhukur putih-putih,
Umarmaya banjur kagum,
lumayu nebas-nebas,
napas pedhot dharesel ing erong kuwuk,
ya Allah astapirullah,
tulungana jiwa mami.

36. Ngalor ngidul tinemonan,
ngudubilah ciloh-ciloh wak mami,
meh bae ngilangken entut,
tan wruh rasaning sega,
weteng siji meh ilang bunteling usus,
ngangsur-angsur napasira,
menggeh-menggeh mempis-mempis.

37. Cahya biyas alorodan,
lambe biru janggutira kumitir,
wus aring ambekanipun,
tangi nulya lumajar,
langkung bunder Marmaya denya lumayu,
wus prapta sajroning pura,
wus panggih lan Menak Amir.

38. Ngathang-athang Umarmaya,
dyan sinapa heh kakang sira prapti,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apa antuk kuda luhung,
ingkang kelar maringwang,
Umarmaya gumeter denira muwus,
maksih tontonen manira,
meh ilanging napas mami.

39. Tinutur ing purwanira,
amiwiti malah tekeng mungkasi,
duk ingsun neng taman santun,
wikan kang darbe taman,
pethetane awarna-warna dinulu,
akathah tanpa wilangan,
wowohan kalangkung dadi.

40. Pethetan iku wus tepang,
myang kembangan wangi tur warni-warni,
manira anuli adus,
neng sajroning talaga,
uwis mentas manira anulya lungguh,
neng meru patmasana mas,
sadanguningsun alinggih.

41. Anuli ana kang swara,
gumaludhug kapyarsa gon sun linggih,
bumi obah kadya lindhu,
oreg sajroning taman,
nulya ana rupane lir pendah hantu,
kumarembyah lir barongan,
apan sun arani cindhil.

42. Kaya kadhal dudu kadhal,
sun arani bajing pan kaya jangkrik,
sun guh kuwuk kaya kenthus,
lir warak tanpa cula,
sun guh gajah tan ana telalenipun,
sun arani iku macan,
awarna ngudubilahi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43. Wong Menak alon ngandika,
Umarmaya apa arane iki,
ingsun miarsa tuturmu,
dene amanea warna,
Umarmaya alon denira amuwus,
payo padha pinaranan,
yen sira arsa udani.

44. Pan ingsun tuduh kewala,
heh wong Menak kalamun sira wani,
nyata sira bocah jadhug,
nyata sadulur ingwang,
dyan wong Menak kalangkung ing runtikipun,
heh ta Kakang Umarmaya,
payo tuduhna den aglis.

45. Saksana sareng umangkat,
Umarmaya tan purun aneng ngarsi,
manah apan meksih kawus,
sira Ambyah neng ngarsa,
apan ingsun wong tuwa kang aneng pungkur,
kuneng lampahireng marga,
sampun prapta taman sari.

46. Wong Menak alon ngandika,
Umarmaya endi lawange iki,
Ki Umarmaya amuwus,
tan ana marganira,
lah meneka bae iku marganipun,
sigra menek Raden Ambyah,
samana prapta ing nginggil.

47. Lah ta endi prenahira,
Umarmaya nuduh sarwi nudingi,
ing telaga prenahipun,
pojok ler wetan ika,
dyan wong Menak semana anulya ngungun,
prapta ngandhap pager bata,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Marmaya kantun neng jawi.

48. Mider-mider Raden Ambyah,
arsa wikan watese tamansari,
Umarmaya mental-mentul,
neng pucake wit kurma,
Raden Ambyah wus laju ing lampahipun,
ngungun mulat patamanan,
Marmaya menek amencit.

49. Mider-mider Raden Ambyah,
remen mulat rakiting tamansari,
saenggon-enggone ngundhuh,
wowohan mateng kathah,
Umarmaya medhuna payo angundhuh,
payo padha amamangan,
Umarmaya anauri.

50. Boya kudu amamangan,
heh wong Menak muktekena pribadi,
ingsun nora pati kudu,
wong Menak angandika,
Umarmaya mudhuna lah payo adus,
Umarmaya saurira,
sira adusa pribadi.

51. Aja tolih marang ingwang,
apan ingsun wong tuwa mengalahi,
datan pati-pati ingsun,
meksih wareg mamangan,
telungane wong tuwa kapanggih pungkur,
iya ta kono wong Menak,
tutugna karsanireki.

52. Wong Menak alon ngandika,
Umarmaya dene kaliwat jirih,
dene datan napu iku,
Marmaya wuwusira,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lah boyaa ingsun nora pati kudu,
Raden Ambyah mring telaga,
kacaryan weninging warih.

53. Nulya siram Raden Ambyah,
uwis mentas ngrasuk busana aglis,
asusumping methik santun,
mring meru patmasana,
nulya lenggah Umarmaya sareng dulu,
solahe wong Menak Ambyah,
kethip-kethip angucemil.

54. Kagyat kang turangga medal,
pan gumludhug oreg lir bumi gonjing,
anglir sang alodra liwung,
netra kadya mutyara,
Umarmaya saking luhur celuk-celuk,
heh Ambyah dipun prayitna,
dubilah ika dhatengi.

55. Wong Menak alon ngandika,
alah iya kakang wus sun kawruhi,
tekaa ing ngarsaningsun,
sun tan nedya suminggah,
kang turangga samana arsa anubruk,
wong Menak mingkis busana,
binarengan den lumpati.

56. Rinangkul jojompongira,
dyan kinetap turangga nander pati,
sakarepe pan linajur
pinati sanderira,
kendel nujah sakarepe pan ingenut,
yen jalmaa kuda ngucap,
lah iki baya wong ngendi.

57. Dene bobote kalintang,
padha lawan gustiku Kangjeng Nabi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

baya iku turunipun,
sedheng ingsun ngawula,
pan mengkene rasane duk gustiningsun,
yen anitiii gegeringwang,
panduga bobote sami.

58. Kinetap kendel kewala,
dyan wong Menak nulya tumurun ririh,
ingusap ingelus-elus,
kikinthil aneng wuntat,
Umarmaya tumingal turangga tutut,
nulya mudhun dharakalan,
kurma mateng kang denincih.

59. Kalangkung sukaning driya,
Umarmaya bareng sarwi sisirig,
megol-megol manthuk-manthuk,
malembung wetengira,
melet-melet macucu ambeksa lawung,
dubilah saiki kena,
alega rasaning ati.

60. Duk dhingin sira abongga,
arsa mangsa marang ing bokong mami,
meh ilang wadhah ngong entut,
gulung kajurang-jurang,
nuju urip guwa landhak kang tutulung,
ing mengko mara budiya,
sun kembari padha siji.

61. Weruha kalamun kuda,
ingsun dhewe dhingin ingkang ngembari,
sun tuntun kuncunge iku,
nora tutur si Ambyah,
dene dhingin kaya barongan angamuk,
awakingsun kang cilaka,
ing mengko beja si Amir

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

62. Mesem-mesem Umarmaya,
nyata Ambyah bocah lanang jelanthir,
nyata sira bocah jadhug,
nyata sadulur ingwang,
bocah cikcar ngising kedhung cewok nglurung,
bocah lanang cilik mula,
prawira sudireng titih.

63. Duk sira menthang gandhewa,
ingkang bobot pitung atus ngluwihi,
tan ana kang kelar iku,
ngembat ingkang gandhewa,
lan anjagur endhasing gajah maledug,
tan kongsi amindhonana,
ing mengko tekeng turanggi.

64. Betaljemur w'ecanira,
pan wus nyata ing yuwana ngiseni,
wirayatira Hyang Agung,
wong Menak angandika,
lah bukanen Umarmaya gedhong iku,
bok ana isine apa,
padha gawanana mijil.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VI. AMBYAH MANGGIH RAJABRANA TILARANIPUN NABI ISKAK, ADIPATI MEKAH NGATURI BULUBEKTI DHATENG NAGARI YAMAN.

MIJIL

1. Umarmaya aturira suthik,
   buka lawang gedhong,
   duk ing nguni sun buka lawange,
   apan ana katon putih-putih,
   ingsun banget wedi,
   buka lawang iku.

2. Raden Ambyah sigra amarani,
   buka lawang gedhong,
   apan ingkang aputih warnane,
   iya iku ulesing kendhali,
   praboting turanggi,
   wus pepat ing ngriku.

3. Dyan binuka sampun amepeki,
   lir daru mencorong,
   pulasani iku kendhaline,
   kawat emas iku kang cemethi,
   mawi ciri tulis,
   dyan ingambil wau.

4. Dyan winaca mring wong Menak Amir,
   penget surat ingong,
   Nabi Iskak iku kang adarbe,
   baju agemingsun ing ngajurit,
   miwah kang turanggi,
   pan maksih neng ngriku.

5. Kalisahak araning turanggi,
   iku agemingong,
   sapa kelar anyangga budine,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lamun kurdha Kalisahak iki,
yekti sun lilani,
ngagema prang pupuh.

6. Yekti iku punjul ing ngajurit,
ngagem kudaningong,
apan iku wus pepak prabote,
aneng gedhong ing lor kulon iki,
enggoning turanggi,
munggeng talaga gung.

7. Myang kaprabonings un ing ngajurit,
wus pepak neng kono,
kabeh iku wus sun lilakake,
myang barana ingkang adi-adi,
wus ingsun lilani,
angambila iku.

8. Titi tamat bubukaning tulis,
Marmaya melompong,
akeh temen wong Menak isine,
Umarmaya usungana aglis,
saking gedhong ikj,
gawanana metu.

9. Umarmaya barengkut ngusungi,
baju myang totopong,
myang pamekak baruti myang kere,
condrasa lan lugora jemparing,
pedhang lawan tamsir,
calimprit lan duduk.

10. Ulur-ulur j ijiretan singkring,
rajang lan jojorong,
lembing busur totowok lan kere,
gada bindi lawan kalawai,
dhendha cakra gandhi,
tulup lan salukun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Lan bandera naga mas sarakit,
pusaka kinaot,.
tan petungan berana kathahe,
mas salaka pirang-pirang dhacin,
guru bakal dadi,
arta ngundhung-undhung.

12. Dhuwit putih ana sewu kethi,
dinar dirham abyor,
pirang-pirang kethi ing kathahe,
akik loyang miwah manten adi,
mirus lan widuri,
jumerut her laut.

13. Menak Ambyah angandika aris,
Marmaya karsengong,
donya iki usungana kabeh,
iya apa ginawe ngusungi,
den sabar kariyin,
Marmaya gya metu.

14. Ungak-ungak saking tamansari.
wonten lare angon,
blegadaba lawan onta akeh,
Umarmaya wus tumurun aglis,
nulya marepeki,
bekta kurma agung.

15. Inguraban lawan darubesi,
kang mring rare angón,
mung lilima kang den sejekake,
ingkang badhe pinangan pribadi,
lare den pepengin,
kabeh samya njaluk.

16. Ingeduman sadaya waradin,
sagung lare angon,
gya pinangan samya ting kalesed,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lare angon kena darubesi,
unta wus giniring,
marang tamansantun.

17. Nulya ingandheg marang ing jawi,
Marmaya malbeng jro,
tutur lamun antuk unta akeh,
banon nulya binedhah tumuli
ingusungan mijil,
jawi tamansantun.

18. Dandan-dandan winotaken aglis,
ginayut ing oyod,
blegedaba wus winotan kabeh,
miwah onta sampun denmomoti,
berana wus enting,
tan ana kang kantun.

19. Kang turangga sampun den kambili,
mas adi mencorong,
wora-wari apus lan ambene,
kere emas asalebrak adi,
gon-anggone lami,
tinon kadya daru.

20. Tinapukan mas lininting apik,
mirah manten ijo,
lir kukuwung andaru kenyare,
Menak Ambyah semana wus nitih,
ming Umarmayeki,
kakang den agupuh.

21. Umarmaya sampun can cut aglis,
nulya sareng miyos,
dyan wong Menak alon timbalane,
lare angon umbaren tumuli,
dimen milu ngiring,
ing lakunireku.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

22. Besuk prapteng pura sun opahi,
kabeh lare angon,
apan sampun tinimbalan kabeh,
rare angon gawok aningali,
unta den momoti,
rajabrana agung.

23. Menak Ambyah neng luhur turanggi,
ngawe lare angon,
padha sira ngaterena kabeh,
besuk prapta pura sun opahi,
lare anut sami,
lampahira dulur.

24. Wus miarsa ing samargi-margi,
akeh wong nononton,
yen wong Menak antuk donya akeh,
lan turangga kalangkung respati,
gumyahing pawarti,
ing marga supenuh.

25. Langkung gawok kabeh kang ningali,
maring lare angon,
kadi lare kajiman solahe,
dene barang solah tingkah neki,
kabeh kadang sami,
tan ana kang tiru.

26. Gawok mulat marang kang turanggi
tan kaprah kudengwong,
pantes ejim puniku kang duwe,
busanane kang nganeh-anehi,
gumebyar lir thathit,
kadya daru murub.

27. Umarmaya ing samargi-margi,
pan dadi guguyon,
megol-megol malembung wetenge,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

meled-meled sarwi kirig-kirig,
kabeh kang ningali,
gumuyu angguguk.

28. Keh pawestri kayungyun ningali,
mring Ambyah sang anom,
gegebyagan neng marga arentep,
tekeng wuri lumayu neng ngarsi,
neng sela alinggih.
malompong andulu.

29. Keh swarane kang samya ningali,
warnanen kadhaton,
Sang Dipati miarsa wartane,
putra katri wus munggeng ing ngarsi,
angandika aris,
mring putra katelu.

30. Arinira marang ing wanadri,
antuk donya kaot,
myang berana kabeh ing warnane,
Dyan Ngabdullah matur awotsari,
gih ulun sayekti,
antuk kuda luhung.

31. Ingsun arsa amethuk ing margi,
undhangana kang wong,
lawan arinira iku kabeh,
ingundhangan ingkang wadya alit,
miwah putra katri,
wus sayogeng kayun.

32. Sang dipati samana wus mijil,
gumrah kang ponang wong,
para mantri kang munggeng wurine,
nitih kuda lalawak dipati,
miwah putra katri,
munggeng ngarsanipun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

33. Kuneng wau kang winuwus malih,
sang surayeng tanggon,
sampun ndungkap ing kutha lampahe,
pan gumuruh ruhananing margi,
wong Menak ningali,
yen kang rama methuk.

34. Nulya tedhak saking ing turanggi,
sang Jayengpalugon,
ki dipati nulya tedhak age,
sing lalawak kang putra wus prapti,
nulya melajengi,
kang putra rinangkul.

35. Gupuh-gupuh wau Sang Dipati,
adhuh putraningong,
pan ingaras wau bunbunane,
awotsekar kang putra ngabekti,
miwah kadang katri,
sadaya angrangkul.

36. Angandika wau Sang Dipati,
adhuh putraningong,
jaran iki ngendi panggonane,
lan berana ingkang adi-adi,
olehira ngendi,
kang putra umatur.

37. Inggih rama tengahing wanadri,
wonten taman kaot,
warni-warni inggih pethetane,
wonten meru patmasana rukmi,
panggenan turanggi,
munggeng telaga gung.

38. Wonten gedhong gupit mandragini,
warnanipun kaot,
ulun buka akathah isine,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sang dipati sareng amiarsi,
katujune kaki,
rinekseng Hyang Agung.

39. Taman iku aklangkung awingit,
tan ana wong mrono,
salawase tan kambah wong akeh,
jaran iku ingkang amateni,
sira iku kaki,
rinekseng luluhur.

40. Jaran iku kagungane Nabi,
Iskak kang kinaot,
iku meksih pepak saprabote,
myang kaprabonira ing ngajurit,
umbul-umbul meksih,
satandar tutunggul.

41. Nabi Iskak prajurit linuwih,
dibya tur kinaot,
jaran iku iya titillane,
Nabi Iskak prajurit sinekti,
iku luhur marni,
lagya turun wolu.

42. Kalisahak araning turanggi,
pra kuswa kinaot,
pilihing kang anyonggo bobote,
Wus pinesthi karsaning Hyang Widi,
yen dadi prajurit,
kalilan luhurmu.

43. Nulya prapta ing sajroning puri,
sagung lare angon,
apan sampun ginanjaran kabeh,
unta sampun kinen bekta mulih,
lare bungah sami,
wus samya umantuk.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. Kang beratia pinara limeki,
satunggal maring wong,
pekir miskin wus dinuman kabeh,
kang saduman marang rama nenggih,
kang saduman iki,
mring kadang katelu.

45. Amung ngambil saduman sang Amir,
Umarmaya kinon,
angambila kang saduman bae,
sampun radin genira ambagi,
wadya alit-alit,
samya sukanipun.

46. Miwah wadya ing kang tepiswiring,
jajahan kang adoh,
apan. sampun pinatedhan kabeh,
samya sanget pamujining widi,
denya ambek siwi,
budi darma punjul.

47. Sihing wadya sadu ambek siwi,
tan montreng pasemon,
wedharing tyas tana karya weleh,
Raden Ambyah ing alami-lami,
yuswanira nenggih,
pan kalawun-lawun.

48. Kùlawarga kathah samya nangkil,
lulutira kasok,
denya sumeh alus bubudene,
sihing wadya tanana barenci,
andhap asor lungit,
palamarteng lulut.

49. Angandika wau Sang Dipati,
parentah ponang wong,
adadana arta myang pangangge,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angaturken ingkang bulubekti,
mring Yaman nagari,
kang putra katelu.

50. Dyan Ngabdullah Abas Abuntalip,
kang badhe kinongkon,
putra tiga winangsitan kabeh,
lamun sira padha den takoni,
mring arinireki,
aja na kang tutur.

51. Lamun marakaken bulubekti,
sumaura goroh,
lah warahen lunga dagang bae,
nulya dandan pipikulan sami,
jagul winitawis,
wonten kawan ewu.

52. Raden Ambyah rnirsa amarani,
pan sarwi taiakon,
Kakang Abas punapa karyane,
Kangjeng Rama dandan arta iki,
utusan mring pundi,
dene arta agung.

53. Ingkang raka anauri aris,
yayi jeneng ingong,
pan ingutus ing Jeng Rama kiye,
lunga dagang mring Yaman nagari,
kang rayi wotsari,
Kakang kula tumut.

54.. Aja milu sira iku Yayi,
parane pan adoh,
pae ingsun kakangira kabeh,
wus gawene padha dagang ugi,
sira iku Yayi,
apan durung tau.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

55. Ingkang rayi aturira aris,
tan adagang ingong,
arsa wikan kang jajahan sanes,
nadyan silih mengkonoa ugi,
aja babarengi,
marang lakuningsun.

56. Ingkang rama angandika ans,
adhuh putraningong,
aja milu pan adoh parane,
pae kakangira iku ugi,
sira anak mami,
apan durung tau.

57. Luhung sira kasukana ugi,
bebedhaga grogol,
ambuburu lawan lare akeh,
nora kurang anakingsun kaki,
kang putra wotsari,
inggih Rama sampun.

58. Yen marengi kawula yun uning,
jajahan kang adoh,
nulya medal Marmaya rowange,
ingkang rama ngandika mring siwi,
katelu yen uwis
payo mumpung esuk.

59. Jaluk kabeh wangsitana sami,
yen si Ambyah takon,
konen marah lunga dagang bae,
ingkang putra kutiga wotsari,
nulya budhal aglis,
lampahira dulur.

60. Ki Umarmaya amuwus aris,
marang Ambyah takon,
apa sira wus weruh gawene,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kakangira gawa arta iki,
mring Yaman nagari,
atur bektinipun.

61. Pesthi bungah wong Yaman diwehi,
arta myang penganggo,
ingkang weweh tan idhep emane,
sakeh arta ginawe upeti,
ngur sira lan mami,
kang ngambila iku.

62. Yen apareng payo anututi,
mamanuki adoh,
lamun mandheg iya milu leren,
nanging aywa ana kang udani,
yen jagul lumaris,
nulya atut pungkur.

63. Menak Ambyah suka anututi,
payo kudaningong,
Umarmaya kambilana age,
lan motana kapraboning jurit,
Umarmaya aglis,
tan adangu wangsul.

64. Sigra nitih turangga sang Amir,
prajurit tan kaot,
Umarmaya ambuntut lakune,
dyan kinetab sampun anguntabi,
nging tan ana uning,
anilib ing laku.

65. Yen kang raka katiga pan sami,
neng marga amondhok,
lare kalih tan katon wong akeh,
sampun lepas ing lampahireki,
antuk tigang latri,
lampahe cinatur.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

66. Yen kang raka alerep ing margi,
sawadya amondhok,
raden kalih sanes panggenane,
yen kang raka budhal atut wuri,
yen kapengkok margi,
raden kalih mundur.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VII. RADEN MAKTAL RAJAPUTRA NGALABANI LALANA ANDON PRANG

DURMA

1. Yata wau lampahe Raden Ngabdullah,
lan ari Abuntalip,
tuwin Raden Abas,
kuneng gantya winarna,
sang prabu ing Ngalabani,
ratu digdaya,
kasumbung ing ngajurit.

2. Ratu dibya keringan ing parangmuka,
bisikanira aji,
sira raja Masban,
kakalih ingkang putra,
samya jalu pekik-pekik,
putra kang tuwa,
Raden Maktal prajurit.

3. Kang taruna awasta Raden Sarkam,
ingkang sepuh tinari,
anambuta krama,
nuli madega nata,
nanging datan anuruti,
maring kang rama,
lumuh kapati-pati.

4. Ciptanira besuk ingsun arsa krama,
lawan madeg narpati,
yen wus bisa bedhah,
nagara lan ambanda,
ratu myang amboyong putri,
wirang manira,
umadeg narapati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Denya mothah Raden Maktal mring kang rama,
ramanira nuruti,
sumedya lalana,
anjajah andon yuda,
gawa saleksa prajurit,
lan kawan nambang,
samya prajurit sekti.

6. Raden Sarkam kedah tumut tan sinungan,
amargi timur maksih,
yata Raden Maktal,
mentar saking nagara,
den iring sakeh prajurit,
kang kawan nambang,
samya mantri sinelir.

7. Samya nitih turangga tatapukan mas,
balitung kang kinardi,
kineren kudanya,
samya ebeg dembaga,
sasab kemase walulin,
samya malela,
limang ewu neng ngarsi

8. Kang asikep pedhangtamsir sewu samya,
sadaya kere wesi,
tulup kang panambang,
sewu kang sikep panah,
samya totopong mas adi,
Rahaden Maktal,
busana adi luwih.

9. Yen cinatur dedegira Raden Maktal,
tuhu satriya pekik,
sembada pidegsa,
awijang baunira,
sariranira aramping,
kadya ngongotan,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

cahya wenes amanis.

10. Lampahira datan kawarna samana,
sampun antara lami,
yen amanggih kitha,
siniwer jawinira,
yen ratune amiyosi,
anaa pira,
prajurite ginitik.

11. Pasthi remuk lamun wonten nadhahana,
kang tangguh ing para ji,
lan ingkang papara,
tuwin mring nagri liya,
gawa saleksa prajurìt,
nadyan rong leksa,
rawu. dipun perangi.

i 2. Apa dene lamun ana wong adagang,
kapethuk ing wanadri,
sanadyan anaa,
rong leksa dipun lapgang,
akeh kutha tutup kori,
lamun miarsa,
mring satriyandon jurit.

13. Sampun kasub yen Raden Maktal digdaya,
mila anjajah nagri,
saking kirang lawan,
tana kang nadhahana,
lamun sira anjemparing,
sela saarga,
katempuha gumingsir.

14. Prapteng tanah Yaman denira lalana,
arsa manjing nagari,
balanira sayah,
mila samya gugubah,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"angalang neng tengah margi,
yen ana liwat,
satriya pra dipati.

15. Miwah lamun wong adagang dipun lapgang,
pakuwon ngapit margi,
satengahing lebak,
denira agugubah,
lor kidul kalingan wukir,
mung balanira,
neng marga mamanuki.

16. Duk tumingaling wa,dya atur uninga,
mring gustinira nuli,
yen ana wong liwat,
sarta nggawa pikulan,
kadya tingkahing upeti,
dede wong dagang,
kathah kang guru dadi.

17. Gya siyaga balanira Raden Maktal,
sami gambireng westhi,
bala sikep linggar,
sumreg ana ing marga,
wong sikep panah nambungi,
kasundhul marang,
wong sikep pedhang tamsir.

18. Raden Maktal sampun anitih turangga,
den ayap ing prajurit,
sagung upacara,
tan lali prenahira,
aglar munggeng kanan kering,
barising bala,
sampun nyinyiyung margi.

19. Wadyeng Mekah sadaya awas tumingal,
yen baris ngalang margi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Rahaden Ngabdullah,
Buntalip lawan Abas,
asuwareng marang dasih,
padha mandhega,
lagi ana wong baris.

20. Ngalang marga iku arsa anjajarah,
wong begal iku pesthi,
Rahaden Ngabdullah,
angling mring arinira,
paran budinira Yayi,
apa ta srana,
apa pinagut jurit.

21. Yen maguta apata sira kuwawa,
akathah wonge Yayi,
patang ewu ana,
nanging padha wong desa,
ingkang ngalang dalan iki,
wong seseliran,
lawan samekteng jurit.

22. Raden Abas matur marang ingkang raka,
Kakang lamun suwawi,
luhung pinaguta,
upami anututa,
binoyong badan puniki,
sami kewala,
wekasan angemasi.

23. Ingkang raka nuruti ing arinira,
heh wong Mekah den aglis,
padha ta seleha,
pikulan kumpulena,
becik padha andhingini,
srangen kewala,
angur ambek kapati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Parandene sira kalah ya jinarah,
sigra wong Mekah sami,
umangsah manengah,
rempeg pangamukira,
Rahaden Maktal kaeksi,
nitih turangga,
sarya dipun payungi.

25. Balanira mendhak aneng keri kanan,
anggameng aneng wuri,
yata wadyeng Mekah,
kagyat apuliringan,
prasamya lumakyeng wuri,
Rahaden Abas,
asru denira angling.

26. Eh wong Mekah apa mulane lumajar,
padha serangen aglis,
kang bala turira,
inggih Raden punika,
wonten ingkang dipun iring,
dede wong begal,
satriya winintawis,

27. Dene dipun ayap ing pra mantri kathah,
ucaparane asri,
kathah kang ngampilan,
ngandika Raden Abas,
aja lumayu tumuli,
padha takona,
iku satriya ngendi.

28. Bala Ngarab nguwuh-uwuh atatanya,
sarwi amarepeki,
heh wong ngalang marga,
iku ingkang lalana,
baya ta satriya ngendi,
arane sapa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gustimu kang koiring.

29. Wadya bala Bani anauri sugal,
gustiku kang ngong iring,
uwus nora ana,
loro tetelunira,
satriya ing Ngalabani,
Rahaden Maktal,
langkung prawireng jurit.

30. Duk miarsa Raden Ngabdullah lan Abas,
suwareng wadya nuli,
batur lumayuwa,
nanging aja na pisah,
padha arebuta urip,
bala ing Mekah,
sadaya duk miarsi.

31. Sabdanira gustinira mrih raharja,
sigra sareng lumaris,
Rahaden Ngabdullah,
Abuntalip lan Abas,
prasamya lumakyeng wuri,
bubar lorodan,
pikulan den tinggali.

32. Balanira Raden Maktal nora ana,
kang nedya amateni,
samya ngusung arta,
binekteng pamondhokan,
yata wadya Mekah sami,
ingkang lumajar,
wong Menak kang winarni.

33. Lawan Umarmaya kapethuk neng marga,
dadya wuwuh prihatin,
kang raka lingira,
sireku Yayi Ambyah,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anusul marang ing mami,
samengko ana,
satriya ngalang margi.

34. Luwih saking Yayi rubed atiningwang,
sira nusul mring marni,
lah payo lumajar,
lagya ana wong begal,
kang rayi umatur aris,
Kakang mireya,
kawula arsa panggih.

35. Atanapi kawula arsa uninga,
lawan kang ngalang margi,
satriya lalana,
angling Raden Ngabdullah,
aja sira anemoni,
upama sira,
kongsi den bahak yayi.

36. Apan iku satriya luwih digdaya,
sing nagri Ngalabani,
aran Raden Maktal,
mulane alalana,
kurang lawaning ngajurit,
sabalanira,
kabeh wignya ngajurit.

37. Ingkang rayi matur nadyan makatena,
ujer kawula wani,
kedah ngong panggiha,
kang raka tiga mojar,
malangi manira iki,
yen sira meksa,
lah ta den ngati-ati.

38. Arta dika mangke kawula kang ngrebat,
kang sami den ambili,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

payo Umarmaya,
aja doh lawan ingwang,
mugi sampun walang galih,
kalangkung suka,
Marmaya kirig-kirig.

39. Langkung suka Marmaya ambuntut kuda,
Kalisahak ginitik,
anander lir kilat,
sira Ki Umarmaya,
aneng wuri datan kari,
sabangetira,
kuda ngrap anututi.

40. Yata mulat wadyanira Raden Maktal,
yen ana kang nututi,
matur mring gustinya,
wonten titiyang prapta,
Raden Maktal ngandika ris,
ana wong pira,
namung tiyang kakalih.

41. Kang satunggil anitih turangga pelag,
dharat ingkang satunggil,
angling Raden Maktal,
ya padha antenana,
manawa keh kang nututi,
prajuritira,
Raden Maktal kakalih.

42. Samya kendel satunggal nama Sapardan,
lawan pun Daundari,
yata wadyeng Mekah,
sadaya para kadang,
samya tembang walangati,
bala pinepak,
kinen samya ngetebi.

43. Kang ayuda samana wus yun-ayunan,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Marmaya asru angling,
wong Menak manira,
andhingini maguta,
iya sakarsanta nuli,
sira Marmaya,
mangsah sarwi sisirig.

44. Parisane daluwang amung sakilan,
ambane patang nyari,
bindi agemira,
dawane mung sacengkane,
agenge sagaran arit,
Ki Umarmaya,
ngawe acerik-cerik.

45. Raden Maktal gumujeng sarwi ngandika,
prajayanen si anjing,
dene cecendhalan,
nembah Sapardan mangsah,
gumuyu sarwi ningali,
iki wong apa,
soso tandanging jurit.

46. Eman-eman yen mungsuh alawan sira,
owel prawira mami,
ingsun wus kawilang,
prajurit kinawasa,
tau ambanda para ji,
eh monyet sira,
tan pantes sun lawani.

47. Umarmaya asru ing pangucapira,
nora ana prajurit,
yen nampika lawan,
sarupa-rupaneya,
iki mungsuhira jurit,
sira cobaa,
Sapardan anudingi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

48. Setan alas baya sira iku kemat,
tan nganggo aling-aling,
apa tamengira,
daluwang mung sakilan,
ingandelaken ngajurit,
Marmaya ngucap,
pageneta praduli.

49. Payo tekakena anjing sedyanira,
Sapardan asru angling,
narajangken kuda,
si belis alimaha,
sun remuk muka saparti,
awora candhang,
dhuh adhuh mengko mati.

50. Umarmaya malumpat ana sahasta,
angungkuli turanggi,
sira sang Sapardan,
pinaser netranira,
nulya sirahe binindi,
pecah mancurat,
Sapardan nibeng siti.

51. Kudanira Sapardaa uwus den alap,
ingunduraken nuli,
sampun tinampanan,
marang bala ing Mekah,
Marmaya malesat malih,
wongira Maktal,
kang aran Dauridari.

52. Angrapaken turangga angagar gada,
Marmaya mumbul malih,
ana patang dhepa,
arsa pinreping gada,
sakedhap mubeng neng kering,
pinrep anggiwar,
nengen ubengireki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mobat-mabit Daundari gadanira,
Umarmaya alinggih,
nusub soring kuda,
anjaranthal malumpat,
nurut buntuting turanggi,
punjul sadhepa,
ambindi saking wuri.

54. Daundari sineking gulune pagas,
sirahira cinangking,
raga tibeng kisma,
kuda sampun ingalap,
tinampan ing wuri malih,
sigra Marmaya,
malesat wangsul malih.

55. Balanira Raden Maktal duk tumingal,
ebat sadaya wingwrin,
mulat tingkahira,
ana prajurit mara,
endhasira den lumpati,
binindi pejah,
kang kari samya ngisis.

56. Samya matur bala maring gustinira,
luhung tuwan tandangi,
pan wadya paduka,
samya giris tumingal,
tandangipun kadya belis,
kang pra prawira,
kamirumaben sami.

57. Raden Maktal bramantya ngetab turangga,
umangsah angawaki,
Umarmaya mulat,
yen satriyane mangsah,
gya lumayu sipat kuping,
maring wong Menak,
matur asmareng jurit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VIII. RADEN MAKTAL TELUK DHATENG AMBYAH, UMARMAYA NGEKAHI YATRA UPETI

ASMARADANA

1 Punggawane angawaki,
lah suwawi jengandika,
kula amit nedha leren,
mesem mojar Raden Ambyah,
iya sira lerena,
sigra wong Menak amagut,
wus panggih ayun-ayunan.

2. Raden Maktal tatanyaris,
prajurit sapa ranira,
dene bagus meksih anom,
sumaur Rahaden Ambyah,
ingsun kang aran Ambyah,
sutanira Arya Ngabdul,
Muntalip dipati Mekah.

3. Lah sira satriya ngendi,
maksih anom alalana,
dene durung luwas geteh,
sira anjajah andon prang,
sumaur Raden Maktal,
manira prajurit wudhu,
araningsun Raden Maktal.

4. Ingwang putra Ngalabani,
apa sira wani mring wang,
payo tekakena age,
apa ta kang aneng sira,
sumaur Raden Ambyah,
becik sira kang rumuhun,
payo apa karepira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Raja putra Ngalabani,
anauri den prayitna,
tadhahana panah ingong,
sigra amenthang gandhewa,
lumepas kang warastra,
tinangkis parisanipun,
jemparingira malesat.

6. Anibani sela langking,
maledug kang ponang sela,
Rahaden Maktal lingnya lon,
nyata ampuh sira Ambyah,
demi guruku manah,
tan ana kelar tumanggul,
lah iya den aprayitna.

7. Ngong tamakken gunung wesi,
panah ingsun pesthi liwat,
sira tangkis lan parise,
panah ingsun tan tumama,
iya ta den prayitna,
sun pindho pinenthang sampun,
lumepas jemparingira.

8. Kinipat parise aglis,
anibani dhung-undhungan,
lemah dhungkar panah lolos,
saput tekeng elarira,
gawok Rahaden Maktal,
angetap turangganipun,
mara sarwi narik pedhang.

9. Kudhunga parise wesi,
den prayitna ingsun pedhang,
wong Menak kudhung parise,
sigra tumempuh kang pedhang,
nanceb parise waja,
patang nyari lebetipun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

parise nulya kinipat.

10. Pedhang tikel tibeng siti,
kari kapala kewala,
ana sayuta ajine,
binalangaken saksana,
marang Rahaden Ambyah,
tinangkis ing tembung muluk,
ulu pedhang tibeng kisma.

11. Tarutul Marmaya ngambil,
Raden Maktal asru mojar,
belis gawanen marene,
iku ajine sayuta,
nauri Umarmaya,
iya uwis ukumipun,
dandanan kang tibeng lemah.

12. Pesthi dadi duwek mami,
yen sira tan ambalekna,
tadhahana panah ingong,
Ki Umarmaya angucap,
ingsun mangsa wediya,
marang ing tatah warnamu,
Marmaya sigra pinanah.

13. Malesat marang wiyati,
awetara tigang dhepa,
sarwi nyalenthik panahe,
gandar tugel tibeng lemah.
jinotos Raden Maktal,
gigithokira anjumbul,
angeses rumangsa lara.

14. Wong Menak lingira aris,
kurang gawe sira Maktal,
aprang ginawe guguyon,
ilang kaprawiranira,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nglawani cecendhalan,
Raden Maktal nyandhak lawung,
winatang Rahaden Ambyah.

15. Cinandhak lawunge aglis,
pinocot saking landeyan,
binuwang sarwi lingnyalon,
sireku durung biyasa,
rakite wong anumbak,
sigra lawunge rinebut,
mengko sunwuruki numbak.

16. Lawungira pan binalik,
binuntar Rahaden Maktal,
tiba saking turanggane,
linumpatan jajanira,
anulya tinindhihan,
mring Marmaya sigra muwus,
prayoga ginorok pisan.

17. Dimene banjur ngemasi,
Rahaden Ambyah lingira
sira takonana age,
apata arep palastra,
apa arep agesang,
Rahaden Maktal umatur,
manira teluk kewala.

18. Mesem Raden Ambyah angling,
Iah ta sira angucapa,
ujar ingkang sabenere,
Raden Maktal sigra ngucap,
Nabi Brahim agama,
nulya inguculan sampun,
Raden Maktal sigra nembah.

19. Pan sarwi umatur aris,
kawula abasa kakang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nadyan kedhik tuwa ingong,
sataun mangsa kaceka,
nanging ngong wus kasoran,
milane angandhap ingsun,
lingnya Mbyah iya prayoga.

20. Adhuh Kakang kula turi,
maring pagubahan amba,
sirambyah alon saure,
Yayi ing sakarepira,
sigra sareng umangkat,
Ki Umarmaya tan kantun,
prapteng pamondhokanira.

21. Wong Menak lingira aris,
Yayi kadang-kadang ingwang,
padha aturana mrene,
kalawan baiane pisan,
sigra Rahaden Maktal,
anuduh mring balanipun,
angaturi para kadang.

22. Tanadangu nulya prapti,
sampun ingancaran lenggah,
lajeng bujana suguhe,
langkung denyasih mimitra
sira Mbyah alon mojar,
Yayi wadyanira iku,
kabeh salina agama.

23. Wus samya salin agami,
sabalane Raden Maktal,
wong Menak alon wuwuse,
Yayi kadang-kadangira,
lakune maring Yaman,
arta kang sirambil iku,
gagawane maring Yahman.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Kang kinarya bulubekti,
umatur Rahaden Maktal,
inggih Kakang boten kalong,
sadaya maksih awetah,
sinten purun ngelonga,
Raden Ngabdullah amuwus,
iya Yayi suntarima.

25. Raden Maktal matur aris,
kawula tumut mring Yahman,
wong Menak lingira alon,
Yayi aja milu sira,
tutugna karyanira,
ambedhah nagara agung,
kabeh padha selamena.

26. Lamun bongga ing agami,
para ratu tumpesana,
aran balanira kabeh,
wenang ing agamanira,
ing besuk yen wus pragat,
nuli nusula maringsun,
ngong anteni aneng Yaman.

27. Raden Maktal matur aris,
kawula Kakang sandika,
ing tuduh kula gecake,
nagari kang meksih kopar,
nadyan ratu prakosa,
tan wande kawula gempur,
yen tan purun anungkula.

28. Sun tumpes kula jarahi,
saksana sareng siyaga,
miwah para kadang kabeh,
wong Menak dandan pikulan,
sadaya meksih wetah,
kang para kadang sadarum,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

arsa lajeng dhateng Yaman.

29. Miwah wong Menak tan kari,
wus pamit Rahaden Maktal,
lawan para kadang kabeh,
amit samya rarangkulan,
kawuwusing carita,
tigang ari tigang dalu,
denya tunggil pagubahan.

30. Gya budhal pikulan gili,
ing marga datan winarna,
sampun alami lampahe,
lalakon rong puluh dina,
saking ing pasanggrahan,
prapteng pinggir watesipun,
talatah nagari Yaman.

31. Yata kandheg aneng jawi,
kitha nganti kang amapag,
apanta sampun adate,
yen upeti Mekah prapta,
wong jro kutha amapag,
tinampen neng jawi pintu,
mangkana Raden Ngabdullah.

32. Asuwara marang dasih,
pikulan tumpuken padha,
neng pipi lawang saketheng,
ingsun laju maring kutha,
matur mring nateng Yaman,
kalamun upeti rawuh,
Raden Ambyah ngling mring raka.

33. Kawula kantun neng ngriki,
tengga tutumpukan arta,
kalawan Umarmayane,
Dyan Ngabdullah anggraita,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nolih mring Raden Abas,
arinta sakarepipun,
kantun aneng jawi kitha.

34. Raden Abas abibisik,
didimene tinurutan,
sampun anyegah wong anom,
pan wus ginanjar dening Hyang,
Kakang rayi paduka,
lare tiyaseng pakewuh,
Raden Ngabdullah lingira.

35. Lah iya kariya Yayi,
dene kadang-kadangira,
sun irid marak Sang Katong,
apan wus tamtu ing kuna,
yen ingong tur upetya,
pinapag neng jawi pintu,
mring dutane nateng Yaman.

36. Asuwara marang dasih,
pikulan tumpuken padha,
neng pipi lawang saketheng,
lan jugul padha kariya,
sigra wus tinumpukan,
gya mangkat raden katelu,
Ngabdullah Buntalip Abas.

37. Mungkur ingkang raka katri,
marepeki Umarmaya,
mring Ambyah alon ature,
arta punika akathah,
owel den wewehena,
marang ing Yaman Sang Prabu,
saben taun aweh arta.

38. Ramanta salah kapati,
dene nora wruh ing eman,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

weweh dudu mring kadange,
ngandika Rahaden Ambyah,
iku arta bageyan,
Marmaya alon umatur,
bageyan Jidhul ing Kenas.

39. Yen karepingong ing mangkin,
praptaa kang mapag arta,
manira kang ora aweh,
paduka kang ngekahana,
Raden Ambyah lingira,
sakarepira ngong turut,
samana Ki Umarmaya.

40. Gya lerong angus lan kunir,
apu kang kinarya wedhak,
sekar teleng orok-orok,
kang ginawe sumpingira,
mindha setan kang warna,
Marmaya wus warni Hantu,
linggih neng tumpukan arta.

41. Tumpukan arta pinalih,
ingkang sapalih wong Menak,
ingkang pinarnah alunggoh,
wong Mekah kang kantun samya,
sadaya kinen ngiwa,
mangkana ingkang winuwus,
sri naranata ing Yaman.

42. Enjinge miyos tinangkil,
supenuh kang balakuswa,
satriya punggawa andher,
miwah mantri pangalasan,
tandha lan ulubalang,
pan nagari Yaman agung,
kathah denya ngreh jajahan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43. Nagari ing kanan kering,
lampahan salawe dina,
ingkang sawulan kaereh,
kathah bupati amanca,
ing Miskat lan ing Judah,
Busarah Mukalarmaut,
Kopah Mekah lan ing Bahdad.

44. Mudalipah lan ing Jabit,
ing Luhyalam Kudaendah,
ing Singkil Kenahan kareh,
ing Kalsat lan ing Madinah,
Bulkiyah siji Barjah,
kang sumiwi saben taun,
atur bulubektinira.

45. Bisikanira sang aji,
Maharaja Bintibahram,
dhomas cacah punggawane,
kawan ewu mantrinira,
nagari langkung arja,
yata wau sanga prabu,
dangu denya siniwaka.

46. Kyana patih tur upeksi,
yen duta ing Mekah prapta,
tanaya katri lampahe,
ngaturaken upetinira,
Ngabdullah lawan Abas,
eh patih papagen gupuh,
kyana patih matur nembah.

47. Yen suwawi pun Andali,
nampanana arteng Mekah,
mila makaten ature,
mantri kang parek sang nata,
pun Andali punika,
asring dipun agung gunggung,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

arsa kinarya punggawa.

48. Pun Andali wus tinuding,
ambekta bala sanambang,
kawan atus prajurite,
wus prapteng jawining kitha,
Umarmaya tumingal,
punika wong Menak rawuh,
káng badhe nampani arta.

49. Umarmaya ngiwi-iwi,
Andali sampun acelak,
kagyat sira duk tumonton,
Marmaya amindha setan,
Andali asru mojar,
heh wong batur ana hantu,
linggih neng tumpukan arta.

50. Lah padha getaken aglis,
hantune dimene lunga,
sigra bala Yaman alok,
sami alok usah-usah,
lajeng Ki Umarmaya,
cikrak-cikrak sarwi muwus,
lah iya den parek uga.

51. Wong Yaman samya miarsi,
pangucape Umarmaya,
eh kanca den ngatos-atos,
hantu iku bisa ngucap,
padha den eling sira,
wong Yaman surak gumuruh,
heh hantu nuli lungaa.

52. Apa karyanira linggih,
aneng tutumpukan arta,
iku kagunganing katong,
bulubektine ing Mekah,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

age sira lungaa,
sun usunge arta iku,
sumaur hantu Marmaya.

53. Lamun ingsun meksih urip,
tan aweh ngong yen wus pejah,
iku usungen artane,
wong Yaman samya bramantya,
eh hantu para tantang,
apeksa wani si hantu,
angukuhi ingkang arta.

54. Lah payo rampogen aglis,
tulupana tumbakana,
udanana panah towok,
wong Yaman sareng tumandang,
anduduk amamanah,
ana cap ana ambusur,
anyuligi ngalugora.

55. Marmaya tumurun aglis,
apan tan duwe pagunan,
deling ginawe sosorot,
ing jero ngisenan obat,
sinumed amarongan,
aderes geni sumembur,
anarajang pupungkuran.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IX. UMARMAYA TUWIN AMBYAH DIPUN WASTANI HANTU, BADHE DIPUN SIRNAKAKEN

PANGKUR

1. Malocot geseng sadaya,
   samya mawur wong Yaman akeh kanin,
   singa tinarajang mawur,
   maledug bubar-bubar,
   pun Andali kesisan kantun neng pungkur,
   wong Menak sigra tumedhak,
   Andali pinedhang aglis.

2. Tugel utamangganira,
   wadyeng Yaman wruh Andali ngemasi,
   lumayu arebut dhucung,
   prapta sajroning pura,
   lajeng maring ngarsanira Sanga Prabu,
   tinata ing aturira,
   pukulun arta tan keni.

3. Upetinipun wong Mekah,
   awit wonten hantunipun kakalih,
   ingkang satunggil abagus,
   awon ingkang satunggal,
   dipun getak dipun gesah tan lumayu,
   pun hantu kapara tantang,
   nunten kinrutug ing bedhil.

4. Jinemparing pinaseran,
   punang hantu punika hantu geni,
   narajang bala maledug,
   malocot ingkang kena,
   abdi tuwan pun Andali inggih lampus,
   sang katong Yaman miarsa,
   mesem angungun kapati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Rekyana patih tur sembah,
yen kinendelaken hantu puniki,
yekti lajeng mring kadhatun,
temah andamel susah,
Sri Narendra pangandikanira arum,
yen mangkono gedhenana,
anglakokna kang prajurit.

6. Yata wonten putra tawan,
tan antuk sih andhandhang sramawani,
muhung ing pangangkahipun,
den sihana sang nata,
mila sagah numpes hantu geni iku,
kawula kang amaguta,
nyirnaken kang hantu geni.

7. Sang nata suka tyasira,
wus binektan bala sewu prajurit,
gambireng tyas awot santun,
mundur sing ngarsa nata,
Dyan Ngabdullah Abas Abuntalip ngrungu,
bibisik ing kadangira,
ingkang duwe karya iki.

8. Mangsa duduwa rinira,
kaya ngapa tingkahe iku mangkin,
Rahaden Abas umatur,
sinrahken ing Pangeran,
lara pati uwis karsaning Hyang Agung,
dadya umeneng sadaya,
para kadang walangati.

9. Wau ta kang putra tawan,
prapteng jawi kitha saha prajurit,
kang putra tawan andulu,
hantune cikrak-cikrak,
mara sarwi wuwuda ing karsanipun,
hantu wediya wong wuda,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ki Umarmaya ningali.

10. Heh wong Menak di prayitna,
lagi wonten wong srama adol wani,
karuwele si kapahung,
mara sarwi wuwuda,
kadya inggih wong baring tenaganipun,
putra tawan sigra ngucap,
heh kanca den ngati-ati.

11. Hantune ika rarasan,
sun watara hantu ika ajulig,
sun gebresane men mlayu,
mulat ing tingkah ingwang,
Umarmaya amasang sosorotipun,
wong ing Yaman kang tinrajang,
maledug kena ing geni.

12. Satriya tawan lumajar,
pan kasrimpet mring lancingan pribadi,
karibedan tibanipun,
linut dhateng wong Menak,
gya pinedhang gulune tugel wus rampung,
wadyeng Yaman samya mulat,
kalamun satriya mati.

